ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЗЭРЭ КЪЫДОКІ

№№178-179 (22.337) ● 2012 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 15, щэбэт ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



# Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентымрэ профсоюзхэмрэ я зэгурыІуэныгъэ

**Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІи органыбзэхьэ и зи чэзу зэІущІэм Іэ щыщІадзащ КъБР-м и Парламентымрэ КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэмрэ (КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэмрэ) зэрызэдэзэкІэжьнум теухуа зэгурыІуэныгъэм. Ар хуэунэтІащ лэжьыгъэ Іэнатіэм щыхухэм я хунтыныгъэхэр щыхъуэмыкІи, а Іэнатіэм теухуа законодательствэр егъэфІэкІуэным.**

ДОКУМЕНТЫМ къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу сессием кърихыдзэу зэфІигъэкІыну Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм я планыр, щыхухэм я социальнэ хуитныгъэхэм, абыхэм лэжьыгъэ Іэнатіэм щаІэ хунтыныгъэм ехьэлІа законхэм я проектхэр Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм хуигъэхьынущ абыхэм зэрепльыр кьищІэн папщІэ. Апхуэдэу Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и лІыкІуэхэр Парламентым, абы и комитетхэмрэ комиссэхэмрэ я зэІущІэхэм, парламент едэІуэныгъэхэм кьригъэблэгъэнущ, езыри Профсоюзхэм я федерацэм ирегъэкІуэкІ Іуэхугъэм хэтынущ.

ЗэгурыІуэныгъэм Іэ щІадза нэужь, КъБР-м и Парламентым и Унафащ Чеченов Ануар иджыбларэ и къулыкъум пэрыуба, КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщ Амщокъуэ Фатіимэтехьэхъуащ узынщагъэ иІэну, лэжьыгъэр тэмэму ирихьэкІыну.

**УРЫСМАМБЭТ Бэллэ,**
*КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.*

Іеіеїоїо Єіоаçаїоїо Ñоєіоїоіаі.

# Министрыр щІалэгъуалэм яІуощІэ

**«Мэкъумэш ІэнатІэм и къэкІуныр зэлъытар щІалэгъуалэрщ». Апхуэдэщ КъБР-м Щалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэмрэ «Къыдэн куэд зыгъэзащІ» Къэбэрдей-Балъкъэр щІалэгъуалэ центр» Іуэхущ Іапіэмрэ фокІадэм и 13-м «Мельница» ресторанымкІыщащта бизнес Іэнэм пэрысахэм ирагъэкІуэкІа псалъэмакъым и купщІэр.

МэкЪУМэЩІ ІэнатІэм лэжьэн щыщІэзыдэз щІалэгъуалэм епсэлъэну а махуэм къыгъэбгъэгащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкІэ и министр Къаздахъу СультІан. Хабзэ зэрыхъуауэ, зэІущІэр къыгъэІуихащ КъБР-м щалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Хъыжьрокъуэ СультІан.

Къаздахъу Альберт щІалэгъуалэм жьрІащ мэкъумэшхэкІэр къыщащлэжь ІэнатІэ мыин къыхэІупхьи папщІэ узыхуейр, агропромышленнэ комплексым зыщІэтгъэкъуэныжькІэ къэрал программэхэм ухыхьэ зэрыхъуну щІыкІэр. Іэнэм пэрысахэм Іуэху зэмылІэужьыгъуэ куэд кьаІэтащ. Ахэр тепсэлъыхьащ Урысейр дунаежьми ІэнатІэм и къэкІуныр зэлъытар щІалэгъуалэрщ. Апхуэдэщ КъБР-м Щалэгъуалэм и Іуэхухэмкіэ и министерствэмрэ «Къыдэн куэд зыгъэзащІ» Къэбэрдей-Балъкъэр щІалэгъуалэ центр» Іуэхущ Іапіэмрэ фокІадэм и 13-м «Мельница» ресторанымкІыщащта бизнес Іэнэм пэрысахэм ирагъэкІуэкІа псалъэмакъым и купщІэр.

МэКЪУМэЩІ ІэнатІэм лэжьэн щыщІэзыдэз щІалэгъуалэм епсэлъэну а махуэм къыгъэбгъэгащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкІэ и министр Къаздахъу СультІан. Хабзэ зэрыхъуауэ, зэІущІэр къыгъэІуихащ КъБР-м щалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Хъыжьрокъуэ СультІан.

Къаздахъу Альберт щІалэгъуалэм жьрІащ мэкъумэшхэкІэр къыщащлэжь ІэнатІэ мыин къыхэІупхьи папщІэ узыхуейр, агропромышленнэ комплексым зыщІэтгъэкъуэныжькІэ къэрал программэхэм ухыхьэ зэрыхъуну щІыкІэр. Іэнэм пэрысахэм Іуэху зэмылІэужьыгъуэ куэд кьаІэтащ. Ахэр тепсэлъыхьащ Урысейр дунаежьми ІэнатІэм и къэкІуныр зэлъытар щІалэгъуалэрщ. Апхуэдэщ КъБР-м щалэгъуалэм и Іуэхухэмкіэ и министерствэмрэ «Къыдэн куэд зыгъэзащІ» Къэбэрдей-Балъкъэр щІалэгъуалэ центр» Іуэхущ Іапіэмрэ фокІадэм и 13-м «Мельница» ресторанымкІыщащта бизнес Іэнэм пэрысахэм ирагъэкІуэкІа псалъэмакъым и купщІэр.

МэКЪУМэЩІ ІэнатІэм лэжьэн щыщІэзыдэз щІалэгъуалэм епсэлъэну а махуэм къыгъэбгъэгащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкІэ и министр Къаздахъу СультІан. Хабзэ зэрыхъуауэ, зэІущІэр къыгъэІуихащ КъБР-м щалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Хъыжьрокъуэ СультІан.

Къаздахъу Альберт щІалэгъуалэм жьрІащ мэкъумэшхэкІэр къыщащлэжь ІэнатІэ мыин къыхэІупхьи папщІэ узыхуейр, агропромышленнэ комплексым зыщІэтгъэкъуэныжькІэ къэрал программэхэм ухыхьэ зэрыхъуну щІыкІэр. Іэнэм пэрысахэм Іуэху зэмылІэужьыгъуэ куэд кьаІэтащ. Ахэр тепсэлъыхьащ Урысейр дунаежьми ІэнатІэм и къэкІуныр зэлъытар щІалэгъуалэрщ. Апхуэдэщ КъБР-м щалэгъуалэм и Іуэхухэмкіэ и министерствэмрэ «Къыдэн куэд зыгъэзащІ» Къэбэрдей-Балъкъэр щІалэгъуалэ центр» Іуэхущ Іапіэмрэ фокІадэм и 13-м «Мельница» ресторанымкІыщащта бизнес Іэнэм пэрысахэм ирагъэкІуэкІа псалъэмакъым и купщІэр.



Дунейпсо сату зэгухьэныгъэм зэрыхьхьам кьыхэхІыну мэкъумэщІыщІэхэм я Іуэхур зыхуэкІуэнум, агростраховану, логистикэ центрхэр къызэрыгъэгъэпэщым, кІэлъыкІэмэ. Мы зэІущІэр къызэрыгъэпэщащэм кьалыгъэ мэкъумэш ІэнатІэм зегъэужьыныжьмкІэ проектхэр зэрагъэзащІэр.

*КъБР-м Щалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.*

## Фіагъым и япэ нагъыщІэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Іэтащхьэм къыІэрихьащ Урысейм Финансхэмкіэ и министерствэм бюджет зэхущытыкІэхэмкіэ и департаментым и унафэщІ Ерошкина Ларисэ къыбгъэдэкІ тхыгъэ гуапэ.***

АБы къызэрыхэщымкІэ, щыналъэ финансхэр зэфІэкІыным теухуауэ 2011 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм къыригъэхэмкІэ Адыгейр адрейхэм куэдкІэ иофІэкІ. Абы къыпэкІуэу фІагъым и япэ нагъыщІэ республикэм къыхагъэфащащ.

## Процентыр 7,5-м нэблагъэкІэ хэгъахъуэ

***Адыгейм зэрыубзыхуамкІэ, 2013 - 2015 гъэхэм щыналъэм къыщалэгъэжьым ІэнатІэ мрэ ІэнатІэм и къэгъэлъагъуэ щІыналъэм и экономикэм, агропромышленнэ ІэнатІэм, хьэрычэт Іуэху щыкІуэмрэ курытымрэ, туризмым, мэкъумэш хозяйствэм.***

ФИГУ къздгъэкІыжьащ, хьэрычэт Іуэху щыкІуэмрэ инымрэ ВРП-м и хуащІ хэлъхьэныгъэр процент 40-м нос. Адыгейм и Іэтащхьэ ТхъэкІущынэ Аслъэнджерий къызэрыхьиГэщащІэ, республикэм щекІуэкІ социальнэ-экономикэ зэхъуэкІыныгъэхэм хьэрычэт Іуэху щыкІуэмрэ инымрэ мыкъэнэщхуэ щаІэщ. Лажьэхэм ящыщу дэтхэнэ епліанэрэ а Іуэхуращ зыпыщІар.

## Фіыщ Іэ хуэщІ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Іэтащхьэ Тэмрезов Рашид Іущіащ КъІІР-м и мурадыкІэ и ***

ЗакъыэзрыщІигъакъуэм, зэрызыхищІыкІым папщІэ мусльымэн псоми я щІэкІэ Исмэхьил-хьэжым республикэм и Іэтащхьэм фІыщІэ хуищІащ.

## Сэхуранымрэ нартыхумрэ Іуахыж

***Республикэм и гущІэгъуэу щыІуэжьыж сэхуранымр, нартыхур, кІэрІофырр, фошыгъу жэгундэр. Къищынэмыщ ІэбауэІ, ефІанэгъэ ІыкІэр зытращІыну щыІри ягъэхьэзыр.***

МЭКЪУМЭЩЫЩІЭХЭМ яхуэзфІэкІ ялэжь хэщІ имыІэу ягъэкІа псори къраХьэлІэжьын папщІэ. Псом хуэмыдэу гулъытэ хуащІ кІэртІофырмрэ фошыгъу жэгундэмрэ. А къэкІыгъэхэр щызэщІакъуэжьнущ гектар мин 15-м. Япэ гектар 258-м дэтхэнэми жэгундэ центнер 636-рэ къыщатІыжащ, кІэртІофым зы гектарым центнери 170-рэ къытрах. Нэгьабэ ельытауэ а къэкІыгъэхэм я бэвагъыр мы гъэм фІыуэ хэхъуащ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

● УнафэщІ лэжьакІуэхэр гъэхьэзырынымкІэ президент программэ зэраубзыхурэ илъэс 15 рикъуащ

# Ди экономикэм зэманым екІуу зиужьыфынукъым, ар хэзыщІыкІэхэм зэрамыхьэмэ

*Программэр Урысей Федерацэм щагъэзащІэ «Урысей Федерацэм и цыхубэ хозяйствэм и Іуэхущ Іапіэхэм папщІэ унафэщІ лэжьакІуэхэр гъэхьэзырыным и Іуэхукіэ» 1997 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м Урысей Федерацэм и Президентым кьыдигъэкІа Указ [1] 774-м, «2007/2008 - 2014/2015 гъэ яджэгъуэхэм Урысей Федерацэм и цыхубэ хозяйствэм и Іуэхущ Іапіэхэм папщІэ унафэщІ лэжьакІуэхэр гъэхьэзырыным и Іуэхукіэ» 2007 гъэм ГъатхэпэМ и 24-м Урысей Федерацэм и Правительствэм кьищта унафэ [1] 177-м я пкъ иткІэ. Ар мы зэманым Урысей Федерацэм и щІыналъэу 77-м ехьулІэныгъэкІэ щагъэзащІэ къэрал планщ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м кьыдигъэкІа унафэ [1] 166-ПП-мкІэ а къэрал планыр КъБР-м щыгъэзэщІэнымкІэ къэрал властым и уполномоченнэ гъэзэщІакІуэ органу хахащ республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатымкІэ и министерствэр. Ди корреспондентыр ящжьблагъэ хуэзэри епсэльащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатымкІэ и министр, унафэщІ лэжьакІуэхэр гъэхьэзырынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ комиссэм и тхъэмадэ Мусуков Алий.*

**- Урысей Федерацэм гъэзэщІэн зэрыщІадзэрэ блэкІа илъэс 15-м ди республикэм кьыхуэдэкІуахэм кІэщІу тхутепсэлъыхьыт.**

- УнафэщІ лэжьакІуэхэр гъэхьэзырынымкІэ программэм кьыпэчиухьа экономикэ Іуэху нэхъыщхьэхэр а программэм ипкъ иткІэ еджахэм зыпэрыт ІэнатІэхэм щызэфІагъэкІэрщ. Программэм щыхухэм я зэфІэкІым хигъахъуэ кьудейкым, атІэ экономикэм зегъэужьынымкІи Іэмал лъэщІ. А Іэмалыр щэныгъэ зэзыгъэгъуэтахэм я Іыхьэ щанэм нэблагъэм Іэкіуэльакіуэ кьагъэсэбэпу жьыпІэ хъунущ. Абы и щыхьэтщ инвестицэхэр кьызэщІэзыгъэуІуэным хуэунэтІа зэгурыІуэныгъэхэм я бжьыгъэм зэрыхэхъуэр, лэжьапІэ ІэнатІэщІэхэр кьызэрыгъэуахыр, Іуэхущ Іапіэхэм зегъэужьынымкІэ, ахэр къзгъэщІэжьынымкІэ проектхэр зэрагъэзащІэр.

**- ІэщІагъэлІхэр гъэхьэзырыным егъэджэныгъэм и щІыналъэ Іуэхущ Іапіэ зэмылІэужьыгъуэхэр хэтщ. АтІэ программэр гъэзэщІэным ди республикэм щыІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэр щыхэмылэжьыжьым и щхьэусыгъуэр сыт, ахэр Іуэхум пэмылъэщынкІэ щынэсу ара?**

- Къэрал планыр гъэзэщІэным хэт мыхъуну дэ ди еджапІэхэм япэдубыдыркъым. Сэ быдзэу си фІэщ мэхъу апхуэдэ лэжьыгъэм хыхьатэмэ ди вузхэм я пщІэр зэрыдэкІуэтеинур, профессорхэмрэ егъэджакІуэхэмри Программэм ипкъ иткІэ нэгъуэщІ щыпІэхэм зыщагъэсэну Іэмал зэрагъэуІэтынур. Ауэ абы папщІэ вузхэр кьыщыхах конкурсым хэтын хуейщ, зэрырагъэдэжэну программэм жьыгъуэ экспертизэм тхагъэкІыгъэщ. Федеральнэ комиссэм и эксперт советым и унафэщІу «Сколковоеджапім и ректор Волков А. Е. Абы кьыдэкІуэу егупсысыпхъэщ: Урысей Федерацэм и нэгъуэщІ щыналъэхэм щыщхэр ди вузхэм щеджэну кьытхуэжьІуэну? КьызэрыслъытэмкІэ, нобэ зэкІэ апхуэдэ щыхухэр кьэгъэуІэтыгъуей хьунущ. Аращ дэ ди Іэщагъэлъэр щэрэ щхьэрэ зиІэ еджапІэ нэхъыщхьэу Москва, Санкт-Петербург кьалэхэм дэтхэм щІэрыдакІуэр. Абыхэм я егъэджакІуэхэм кьызэрагъэтэмкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым икІэм щэныгъэ хьарзынэ ябгъэдэльщ. Къэбгъэльэгъэну ирикъунущ ди Іэщагъэлі псоми еджэн щаухым экзаменхэр «фІыр» - «фІы дыдэу» эрэтар. Гъэ кьэси апхуэдэу кьокІыжьі.

**- Программэм хэтынухэр кьызэрыхахыр сыт хуэдэу, абы и пьэнкьыжькІэ япэ ирагъэщэр щыІэ??**

- Программэр гъэзэщІэн зэрыщІадзэрэ абы хэтынухэр кьызэрыхахыр щыхьэм зэхъуэжьынгъэ куэд хальхьащ. Иджы ар тэмэму зэтеуварэ кьэпльэтэ хъунущ. Иджырей технологиехэр кьагъэсэбэпу зэрыщІадзам кьыхэкІыу, мы Іуэхум тІыншу зэхъуфІынущ зи ныбжькІыр зи щэныгъэмрэ кьеэзэгъыу Къэбэрдей-Балъкъэрым ис дэтхэнэ зи щыхуэри. Абы папщІэ информацэ системэм зыщыгагъэтхыу хуагъэуІэ упщІэхэм жэуап иратын хуейуэ аращ. А системэм и фІыгъэкІэ уиІэпльапльыфынущ дэтхэнэ зи щыхури кьызэрыхахым, ар зэрэджэн, уеблэмэ зыжьыгъэм зыхуэгъэсэным зэрыхэтым. Программэм хэтынухэр кьыщыхахкІэ япэ ирагъэщэм я гугъу пщІымэ, ахэр ди щІыналъэм и дежкІэ нэхъ мыхьэнэщхуэ зиІэу кьалытэ Іэнатіэхэм хиубыдэ предприятэхэм, организацэхэм я унафэщІхэм, гъэзэщІакІуэ властым и органэм кьагъэльэгъуэ Іэщагъэлі эрэр.

*(КІэухыр 2-нэ нап.).*







● Іуащхьэмахуэ куэй

# Заводыр куэдым ядолажьэ

Тырныауэ кьалэм дэт Низковольтнэ аппаратурэхэмкІэ заводыр индустрие лъагэ зиІэ Урысейм и щІыналъэхэмрэ Къухьэпіэ Гъунэгъум щыІэ къэралыгъуэхэмрэ ехьулІэныгъэкІэ ядолажьэ.

ЗАВОДЫР йолэжь зэманым кьиргъэув мардэщІэхэм сыткІи езэгъ вольт мащІэкІэ лажьэ электротехникэ Іэмэпсымэхэм. Ахэр кьищагъэсэбэп станокхуэ, лифт, гъущІ гъуэгу хозяйствэхэм, бгы промышленностым, мэкъумэшым кьищагъэсэбэп технологиехэр зыгъэхьэзыр ІэнатІэхэм, атом, теплоэлектростанцэхэм, щыдагъэмрэ газымрэ елэжь промышленностым. Апхуэдэу абы кьыщІегъэкІ щІыпІэ щІыІэхэми хуабэхэми зэхэмыхьэу кьыщагъэсэбэп реле лІэужьыгъуэхэр. Ахэр мы заводым папщІэ зыубзыхуари я лэжьыгъэм хэзыщІари Чебоксары кьалэм дэт урысейпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтырщ.

ЩІэупщІэ зиІэ релехэм иджыблагъэ кьыхагъэхъуащ РП-20 реле лІэужьыгъуэр. Зы ильэсым кьриубыдэу мы Іуэхущ Іапіэм псори зэхэту Іэмэпсымэу мин 400 - 500 егъэхьэзыр.

**ЖАНХЪУЭТ Зуэ.**

● Футбол

# Фыдогъэблагъэ!

**Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизион**

**ЕпщыкІутІанэ джэгугъуэ «Спартак-Налшык» - «Салют» (Белгород) Налшык. «Спартак» стадион.**
**Фокіадэм и 17. Сыхьэт 19-м.**

■ ЗэІущІэхэр ■ Гъуэзджэ ■ Махуэгъэпс

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Псапэ Щэбэт къыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

● Хъыбар гуапэ

# Урысеймрэ Китаймрэ зэпызыщІэ

**«KRASCHINA», Араш бзитІкІэ - урысыбзэрэ китаибзэкІэ - Красноярск къыщыдэкІ хьыбарегъащІэ журнал щыкІым зэреджэр. Абы и редактор нэхъыщхьэр адыгэ щІалэ Мэшыкъуэ Юрэщ. ТхылъымпіэфІым кьыхэщыкІа, щхьэукІэпэплъыкІэу тедза журналым и къыдэкІыгъуэгъэ тфІэхьэлэмэт щІэхьуам щхьэусыгъуэ иІэщ.**

НЭХЪ пасэу кьыдэкІаХэм ящыщ зым и жинтым тетщ КъБР-м и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен и сурэтыр. Журналыр къыдэкІыгъэ Красноярск щекІуэкІа экономикэ зэхуэсыщхуэм ди республикэм икІа гуп зэрыхэтащ. КИФЩІ-м хыхьэ республики 6-м зэгъэсуэ ягъэува «Кавказ унэм» зи екъуІэныгъэхэмрэ щэнхабзэмрэ щызыгъэльэгъуахэм ящыщт Кьанокъуэ Арсен зи пашэ гупри. Журналистыр убгъууэ тепсэлъыхьажащ КъБР-м щыщхэм я зэфІэкІым, мурадхэм, Кьанокъуэ Арсен Сыбрым щыпсэу ди льэпкъэгъуэхэм эрэхуэзам, нэгъуэщІхэми. Апхуэдэуи ди Іэтащхьэм и ГъащІэм теухуа тхыгъэ кІэщІи щыгъуащ.

Иджыблагъэ кьыдэжащ иджыри ди зы льэпкъэгъу цІэрыІуэм - Пащты Герман и сурэтыр зи жинтым тет кьыдэжыгъуэр. Абы итщ УФ-м и цІыхубэ сурэтыщІ, Художественнэ Красноярск дзт академием и профессор, Художественнэ Урысей академием и действительнэ член, ЩДАА-м и академик Пащты Герман Красноярск щригъэжьэкІа гъэлъэгъуэныгъэ гукъинэжьхэм ящыщ зым теуХуауэ журналым и редактор нэхъыщхьэ Мэшыкъуэ Юрэ итхар.

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.**

## Мусльымэнхэр ягъэгубжьащ

**2001 гъэм фокІадэм и 11-м щыІа террор Іуэхугъуэм ирихьэлІэу США-м щагъэльэгъуа «Мусльымэнхэм я хеягъыр» фильмым дунейм и щІыпІэ куэдым щыпсэу мусльымэнхэр игъэгубжьащ.**

Псом япэу кьызэрыІэтащ Ливиемрэ Египетымрэ щыпсэухэр. Абыхэм я губжьыр даІыгъащ Африкэ Ищхэмрэ КъуэкІыпІэ Гъунэгъумрэ щыІэ адрей мусльымэн къэралхэми. А Іуэху мыщхьэпэм кьриІуащ США-м и посольствэхэмрэ консульствэхэмрэ зэтракъутэнщ. ЦІыхуэкІыпІэхэри щыІащ.

ООН-м и Секретарь нэхъыщхьэ ПанГи Мун абы теуХуауэ щхьэхуэу къэпсэльэн хуей хьуащ икІи жиІащ: «Льагъумыхъуныгъэр щытепщэ а фильмыр щІытрахар дин зэщхьэхъныгъэрэ льыгъажэрэ кьагъэхъуну арати, кьайхъуІащ. Ар кьемыэзгъэщІ икІи бгъэгъу мыхъунщ».

Мусльымэн динымрэ Мусльымэмэд бегъымбарымрэ зыгъэпуд фильмыр США-м щытрахащ, Израилым икІахэр яхэту. АрахъэрыпльбзэкІэ зэрадзэкІыжри, интернетым кьралъхьащ. Абы кьишащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я посольствэхэр КъуэкІыпІэ Гъунэгъумрэ Африкэ Ищхэрэмрэ чэщанэуапІэ зэрыщащІар. Ахэр ихъэмэн папщІэ США-м и президент Обамэ Барак ІэщэкІэ зэщІэузэда кьарухэр а щІыпІэхэм иунэтІащ.

## ХыІыгухэр яхуэгъэшыркъым

**Аднем и къэралыгъуэ нэхъ льошІыІым илъэс куэдхьауэ яхуэзхъэкІыркъым Дюнейдао (японкэр Сенкакукі зэдзэ) хьІыгухэр хэт еймк.**

Іуэхур щымыхъум Японием ахэр кьищэхужьыну мурад ищІащ икІи лъэныкъуэхэр зэгурыІуа хуэдэт. Арщхьэкіэ, дыгъуасэ Китайм и гъунапкъэхъуэмэхэм псори кьыхэІащІэжащ. Я щІыналъэхэр кьхъуэкІэ кьыщыхэхахІухьым, ахэр Дяоюйдао хьІыгухэм гъунэгъу дыдэу бгъэдыхьащ. Ар Японием идакъым икІи псалъэмакъышхуэ кьиІэтащ. Абы иужькІэ Китайм и кхъухьхьым ящыщу щым зэпэубда щІыпІэр ябгьащ. Адрейхэм зэкІэ загъэхъеин ядэркъым.

## ЦІыхугъэми хабзэми я нэхейкІэ

**Мэзкуу и члиэ нэхъыщхьэм щІыкІейуэ кьыщыфа Pussy Riot панк-гупыр судкІэ ягъэжьауащІэу тезыр тральхьами, ахэр зыгъэхейхэн мащІэкъым.**

«Урысейм щащІащ» саугъэтым и унэтІныгъэхэм ящыщ зым «Pussy Riot» панк-гупыр щытекІуауэ кьалъытэри, абы хэтхэм саугъэт нэхъыщхьэ хуагъэфощащ. Зэхьхьэр езыгъэкІуэкІа Собчак Ксение щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, ахэр зэрытекІуар ягъэІуа иужькІэ «Хьэдыгъэдахэщ!» жаІэурэ цІыху зыбжанэ щІэкІыжащ.

«Pussy Riot» панк-гупым саугъэт нэхъыщхьэр яхуэзгъэфэщэнымр ди дежкІи тынщакъым, - зиумысыжащ «Урысейм щащІащ» проектым и кьызэгъэпэщакІуэхэм ящыщ зы Соколовэ Ксение. - Абыхэм ялжьаг зыми иІэдахэркъым, ауэ зи акъыл зэрымыуфыда ныбжьыщІэхэм гущІэгъу яхуэщІыпхъэу кьыдолытэ».

# Мы махуэхэм

**ФокІадэм и 15, щэбэт**

**ЁДемократием и дунейпсо махуэщ**
**ЁДагъыстэным и льэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ.**
Нэгъабэ щыщІэдзауэ а республикэм щагъэльэпІэ.
ЁКъэбэрдей-Балъкъэр къэрал педагогикэ институтыр 1932 гъэм абы щыгъуэм ди щІыналъэм хиубыдэу щыта Пятигорскэ (Псыхуабэ) кьадзэм къыщыдзэІуахащ.
ЁУсакІуэ, критик, литературэдж, КъБКъУ-м и доцент **Къэжэр Хьэмид** 1938 гъэм щыІа кьалъхуащ.
ЁУсакІуэ, драматург **Лыкъужь Нелли** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкІэнур:**
УэфІу щытыну хуагъэфащэ. Махуэм хуабэу градус 24 - 27-рэ, жэщым градус 13 - 18 щыІэнущ.

**ФокІадэм и 16, тхъэмахуэ**

**ЁЩІыр кьэзыухъуреихь озонырхьумэным и дунейпсо махуэщ**
Ё1951 гъэм кьалъхуащ физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Ашхъэут Олег.**

**Дунейм и щытыкІэнур:**
Уэфіу щытынущ. Махуэм хуабэу градус 23 - 28-рэ, жэщым градус 14 - 17 щыІэнущ.

**ФокІадэм и 17, блыщхьэ**

**ЁРош а-Шанэ иудей махуэ щхуэщ.** Журтхэм Илъэсыщ Іэр ныжэбэ (фокІадэм и 17-рэ 18-рэ щызэблэкІым) кьырагъэхъэ.
ЁИлъэси 135-рэ и пэкІэ кьалъхуащ адыгэ тхакІуэ Іуэгъэзджэхэу **Кьищокъуэкъэ Алимрэ Рашидрэ я адэ Пщымахуэ.**
Ё1883 гъэм кьалъхуащ жыларыгъэ лъэжьакІуэ щІэрыІуэ, уэзэщІакІуэ, адыгэ тхыбзэмрэ я журналистикэмрэ я льабжьэр щыгъэІэпльапхъэм ящыщ **ЩащІэу Нурий.**
ЁФилологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **БакІуэ Хьаиджэрий** 1940 гъэм кьалъхуащ.

**Дунейм и щытыкІэнур:**
Пшэ мащІэ тельыну. Махуэм хуабэу градус 24 - 27-рэ, жэщым градус 15 - 19 щыІэнущ.

*Плэмэлэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчэ.*

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

**Адэр дэм хуэдэщи, анэр нэм хуэдэщ.**

Мусуков Алий

# Ди экономикэм зэманым екIуу зиужьыфынукъым, ар хэзыщIыкIэм зэрамыхьэмэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

**- АтIэ ди республикэм псынщIэу зиужьын папщIэ апхуэдэ мыхьэнэ хэха зилэу кьалытэхэр сыт хуэдэ Iэнатlэхэра?**

- Апхуэдэхэм ящыщ мэкьумэш хозяйствэр, турист-рекреацэ комплексыр, энергетикэр, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр, социальнэ Iэнатlэр. Апхуэдизу дэ дыхущIокьу иновацэ технологиехэм зегъэужьыным, зэрыщыту технологиер къэгъэщIэрэщIэжыным, нэгъэущI кьэралхэм щащэхун продукцэу республикэм кьыщалажьым хэгъэхуэным.

**- Программэм ипкъ иткIэ, еджахэм я Iуэхур адэкIэ дауэ хьурэ? Псори дыщыгъуазэщи Iэщlагъэлlэхэм ящыщ куэд нэгъэущI щыналъхэм щылажьэну кьызэрынэм.**

- Программэм зыми пиубыдыркъым щыпсэу щыпIэр, лэжьапIэр ихьуэж мыхьуну. Нэхъыщхьэр Iэщlагъэлlым и эрдIэкIым хуэфэщэн Iэнатlэ кьиигъуэтынырщи, ар дэтхэнэми есым и Iуэхужщ. Мы программэм ипкъ иткIэ, щэныгъэ зэзыгъэгъуэтахэм нэгъэущI кьэралхэмэ щылэжьэн яхуэфIэкIынущ. Апхуэдизу щыт пэтми, ди Iэщlагъэлlэхэм республикэм кьагъэзэжрэ зыпэрыта Iэнатlэхэм пэрыувэжмэ, щэч хэмылъу, ди дежкIэ нэхъыфIт. Абыхэм Iэнатlэхэр зэрызэрахьэ мардэщIэхэр зэтрагъэувэфынут, технологие льагэхэр кьагъэсэбэлыфынут.

Иджыри кьытызогъэзэжри, дэ кьытрдIэмыдIэхуэу щыткъым еджа нэуэкъ Iэщlагъэлlэхэм я Iуэхур адэкIэ кьызэрекIуэкIыр. Щыналъэ комиссэм жыджэру яделыгъ абыхэм кьыхалъхьэ Iуэхуэхр. Иджыпсту хьарзынэу мэлажьэ «Президент программэм тету еджахэм я «Альп» ассоциацэ» Къэбэрдей-Балькъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэр. Абы Налшык кьалэ зыбжанэрэ кьыщыдэзыгъэпэщащ щыналъэ зэхуакъ зэхьыхьэхэмрэ конференцэмрэ. Ди Iэщlагъэлlэхэм нэгъэущI щыпIэхэм макIуэ, абыхэм ящыщу езыхэм кьаделжахэм ящыгъуэу проект зэмылIужьыгъуэхэр зохьалъхь.

**- Апхуэдизу щыналъэ зэхуакъ зэдэлжьэныгъэм и щапхьэхэр щыIэ? Ар сыт хуэдизкIэ сэбэп хьуну?**

- ФIагъыу апхуэдизу лэжьыгъэм кьыпэкIуэнкIэ хьунур зэуэ пхужьыIэнукъым. Ауэ кьару зэхэлъыдIэ зэлэжьын хуей кьалэнэр щыщыIэкIэ, апхуэдизу зэдэлэжьэныгъэм зэпыубдз зэрымыкьнур гурыIуэгъуэщ.

Ар кьалъытэри, ди щыналъэм зегъэужьыным зи кьарур, зэфIэкIыр, зэманыр тезыгъэкIуэдэ цыхухэм зыщIагъэкIуэн мурадкIэ, 2012 гъэм и гъатхэпэ маэзм кьыдзэрагъэпэщащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыпсэу президент программэм ипкъ иткIэ еджахэм я «Кавказ Ищхьэрэ» консорциумыр. Абы хэтщ Дагъыстэным, Къэбэрдей-Балькъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхьэрэм-Аланиеи, Ставрополь крайм я щыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр. Ар зэман кьыхьым тещIыхьа проектщ икIи абы ипкъ иткIэ лэжьыгъэ, щэныгъэ Iуэху зэмылIужьыгъуэхэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и республикэ псоми щрагъэкIуэкIынущ.

Апхуэдэ япэ Iуэхуу щытынущ «Хьэщlагъэ зыдэщыIэ Кавказ» фестивальр. Ар ирагъэхьэлlэщ фокIадэм и 27 - 29-хэм ди республикэм щекIуэкIыну «Кавказ джэгухэм».

Дэ сыт щыгъуи жыдоIэ спортыр лъэпкъкIэ е щыналъэкIэ зэпыубгъэхьэхуXэ зэрымыкьнуир. Бизнесми апхуэдэ дыдэу зиужьын хуейщ. Дэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и предприятэхэр кьыхуоджэ ди гъэльэгъэныгъэм зыкъраГъэхьэлlэу езыхэм я продукцэр утыку кьыщралъхьну. Абы еплъыну Iэмал яГуэтынущ хьэщlэхэми республикэм исхэми.

**- А гъэльэгъуэныгъэм нэхъ зэпкрыхьуэ тхутепсельыхьыт.**

- Гъэльэгъуэныгъэр фокIадэм и 28-м сыхьэти 9-м щегъэжьауэ 19-м нэсыкъ щекIуэкIынущ Налшык кьалэм Циолковскэм и уэрам [1] 7-м щыIэ «Къэбэрдей-Балькъэр бизнес инкубатор» кьэрал Iуэхущlапlэм. Абы щагъэлъэгъуэнущ нобэрей Кавказым бизнесым зэрызыщIужьыр, иджырей продукцэмэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ, лъэпкъхэм я хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ зэхуэныкьокIэ щыIэ хэкIыпIэхэр. Ар хуэунэтIауэ щытынущ инвесторхэр ди щыналъэм дегъэзыхьэныкьокIэ щыIэ хэкIыпIэхэр, туризмым и Iэнатlэм зэрызиужьыр гъэльэгъуэным, щыналъэхэр, кьэралхэр лэжьыгъкIэ зэрыщIэныным.

Выставкэм хэт хьунущ сыт хуэдэ Iэнатlэми щыщ предприятэхэр. Ауэ абы хэхэуэ кьрихьэлlэну дыщогъуэ туристрекреацэ комплексым и лэжьакIуэхэр.

Гъэльэгъуэныгъэм хэт хуейми пщIэнщэу епль хьунущ.

**- Президент программэм тету еджахэм сыт яжеплъэн?**

- ЗдыкIэм кьыщыдмыувыIэну, езыхэм я предприятэхэм кьарууэ яIэр щыгъэщIагъэуIуэну, властым и гъэзэщlакIуэ органхэм зэрадэлажьэр ирагъэфIэкIуэну, зэпеуэхэм, гъэльэгъуэныгъэхэм хэтыну, я лэжьакIэм адрейхэр щыгъуазэ ящыну.

Республикэм и экономикэм зэманым кьиргъэвахэм езэгъыу зиужьынкьым, ар хэзыщIыкIэм зэрамыхьэмэ. Дэ сыт щыгъуи ди гуапэу дадэлъэпкъынущ зи лэжьыгъэ щэщIауэ зэтезыухуэну хущIэкъу организацэхэмрэ предприятэхэмрэ.

*Епсэльар* **АБЕЙ Пылъэ.**

**● КъБР-м щыIэ МВД-м**

# Япэ игъэщIыпхъэхэр яубзыху

**Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-майор Васильев Сергей КъБР-мкIэ МВД-м кьулыкьу нэхъыщхьэхэм, къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ щыналъэ Iэнатlэхэм я унафэщIэхэр зыхэта селектор зэлущIэ ригъэкIуэкIаш.**

КъАПЭЩЫТ кьалэн нэхъыщхьэхэм щыхэплъэм, гулыытэ щIыхьэхуэ хуащIащ цыхьэ зэхуэсыпIэхэр, сату щащI Iуэхущlапlэ инхэр, бэзэрхэр Iэмал имыIэу хьумэныр кьызэгъэпэщын, зэрахьумэ техникэ Iэмэпсымэхэр щыгъэувын зэрыхуейм, псом хэмыдзэу Налшык, Прохладнэ кьалэхэм.

Урысей Федерацэм и ОМВД-хэм я унафэщIхэм хуагъэпэгъуащ прокуратурэр ящыгъуэу, а Iуэхущlапlэхэр зейхэр Iуэхум щыгъуазэ ящыну икIи зэман гъунэгъум я унэтIныныгъэ зэфIэхыным яужь ихьну.

- КьэхъукащIэ кьызэрымыкIуэхэм пэплъэн хуейкьым, атlэ а Iуэхугуэ псори пхыгъэкIыпхъэщ, - жIащ Васильевым.

Иджыблагъэ полицейхэм Май кьалэм дзт бэзэрым сату щызэщIым тротил зашкэ кьыкьухахащ.

***Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хьыбархэмрэ жылагъуэ зэпыщIыныгъэхэмкlэ и Iэнатlэ.***

**● Шынагъуэншагъэ**

# Уэсукхъуэм зэрыхэуэ Iэмэпсымэхэр ягъэув

**Дызэрыт ильэсым и кIэ пщIондэ Къэбэрдей-Балькъэрым зи школ кIуэгъуэ мыхьуахэр зэкIуалlэ Iуэхущlапlэ 91-м мафIэсым теухуа хьыбар кьозыгъащIэ Iэмэпсымэхэр щагъэувыну. Кьыкlэльыкlуэ ильэсым абыхэм 30 кьахэхьуэнущ. Школ-интернатхэр апхуэдэ зэнгилащIэхэмкlэ кьызэгъэпэщащ. Республикэм уэнышагъэр хьумэныкIэ и Iуэхущlапlэм 128-м щыщу 17-м я Iэмэпсымэхэр яIэщ, 59-м лэжьыгъэхэр щокIужкI, 26-м зэгъэнэщыжыныгъэхэр щызэфIэкIмэ, ахэр гъэувыным щIэзэнщ. 2013 гъэм Iэнатlэ 52-м я Iуэхугъуэхэр щызэфIахыну я мурадщ.**

АПХУЭДЭ бжыгъэхэр кьахьащ КъБР-м и Правительствэм Кьызэрымыкlуэ щытыкIэхэм зещIыкъымэнымрэ апхуэдэхэм я лъэужькъэр гъэкIуэдыжьымкIэ, мафIэс щынагъуэншагъэр кьызэрэпэщынымкIэ и комиссэм и зи чэзу зэлущIэм кьрихьэлlа министерствэхэм я лIыкIуэхэр. Ар иригъэкIуэкIащ Урысей МЧС-м и Iуэхущlапlэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Шагин Сергей.**

МафIэсым теухуа хьыбар кьозыгъащIэ Iэмэпсымэхэр общежитэм щыгъэувынымкIэ гугъуехьэхэм щыIуэн щыIэщ, пэщIэр зейхэм зэрыкьыгъэр езыгъэкIуэкIэр щагъэхьэну зэрыгъэумейм кьыхьэкIыу. Иджыпсту Iуэхур зэтеублауэ йокIужкI. Пэжщ, зыхуэныкьуэ сом мелуани 2-р иджыри кьагъуэтыфакьым, ауэ кьалэ администрацэм я Iуэхур зэфIэхэ зэрыхьунур и фIэщ мэхъу.

МафIэсым пэщIэтын и лъэныкьуэкIэ псыкIэ нэхъ кьызэгъэпэщаг Бахьсэн кьалэрыт. Кьыхэдгъэщынщи, республикэм и жылагъуэ 28-м ар щыIэххэкьым. ЩIыпIэ администрацэхэм хуагъэльэгъуащ мафIэсгъэункIыфIхэм езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ зыхьахэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхьэрэ я страховани, социальнэ дэIыныныр зэфIэхьныным гулытэ хуащIыну, техникэмрэ депоомрэ зыхуей хуагъэхэну.

Гидрометеорологие, нэгъэущI геофизикэ щытыкIэхэм пэщIэтыныкIэ Кавказ Ищхьэрэ кьулыкьым и унафэщI Чочаев Хьызыр кIэщу кьытеувыIащ Iуащхьэмахуэ куеймкIэ уэсукхъуэм пэщIэтынымкIэ гупыр я кьалэным зэрыхуэхьэзырым. Федеральнэ бюджетым уэсукхъуэм зэрыхуэу «Газекс» Iэмэпсымэхэр гъэувыным сом мелуани 8 хухихащ. Лэжьыгъэхэм щIадзауэ ирагъэкIуэкI.

ЗэIущIэм кьызэрыщыхагъэщащи, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм зыуэ щыт я пльыр-диспетчер кьулыкьухэр Къэбэрдей-Балькъэрым и районхэм я нэхъыбэм кьыщызэрагъэпэщащ. Абы хуэзмысэ куентхэм икIэщIыпIкIэ Iуэхур зэфIахыну кьалэм хуагъэуващ.

**УАРДЭ Женя.**

**● Зэхьэзэхуэхэр**

# Парламентым щагъэлъапIэ

**Щыщхьэ1ум и 25-м Налшык щекIуэкIа футбол щыкIымкIэ Къэбэрдей-Балькъэрым и кьалэхэмрэ куейхэмрэ я хьэблэ командэхэм я республикэ зэхьэзэхуэм щытекIуахэр КъБР-м и Парламентым щагъэлъэпIащ.**

ЗЭХЬэЗЭХУЭМ пашэныгъэр кьыщызыхьа «Стройторг» командэм зэIэпах кубокыр лыысащ. «Стар-тим» гупыр етIуанэщ. Жэз медалыр зэдагъэщащ «Дзюдоистхэр», «Аэропорт» командхэм. ЕплIанэ уварIэр кьэзыхьа «Моня» гупым и топджэгу нэхъыщIэ дыдэхэми фIыщIэ тхыльхэр хуагъэфэщащ.

Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар зэпеуэм екъулIэныгъэхэр кьыщыдзыхьаахэм кубокхэр, щIыхь тхыльхэр яритри, псалъэ гупапэхэмкIэ захуигъэзащ:

- Псори фIыщIыгъуэщ КъБР-м спортым гулыытэ ин зэрыщIэр. Республикэм и Iэтащхьэмэ адрей унафэщIхэмми ди мурадщ щIалэгъуалэ у зыдыщэ, зэфIэкI зиIэн папщIэ Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр едгъэкIуэкIыну. Дауи, стадионым щекIуэкIа зэпеуэр тыншгъэкьым, ауэ зэфIэкI хьарзынэ кьэвгъэльэгъуащ. Сыныбхьоуэхьу дяпэкIи футболым и мызакъуэу, гъащIэм и лъэныкьуэ куэдымкIэ екъулIэныгъэхэр фIеIэну. Дэ дыхущIэкъунущ сыт и лъэныкьуэкIи зыкъыныныгъэ зиIэ ныбжьыщIэхэр зэрыгъэкIуэтынущ.

Дэ ахэмкIэ псалъэмакъым кьыпищащ Парламентым спортымрэ туризмымкIэ комитетым и унафэщI СумаевАхьмэт. «Дэтхэнэ спорт лIэужьыгъуэри кьыщыщIидзэр хьэблэрыр, уэрамыщ, - жIащ абы. - Си гуапэщ, фи екьулIэныгъэхэм адэкIи кьыпыфщэмэ. ЩIалэгъуалэ узынщэм, гъащIэм увыпIэ гуэр шухьщыну хущIэкъум нэрыгъ ящынчыкьым фадэмрэ наркотикымрэ.

Чеченов Ануаррэ Сумаев Ахьмэтрэ кьыхагъэщащ зэхьэзэхуэр кьызэгъэпэщыжьыр КъБР-м и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм спортымрэ туризмымкIэ и комиссэм и унафэщI Хьэлупщы Ислъам и жэрдэмэу зэрыщытыр.

Iуэхуэр кьыдзэзыIыгъа, щIэтъуэкъуэм кьыхуэхуэа ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм Хьэлупщым фIыщIэ яхуищIащ. КьыхигъащIа ильэс кьакIуэ зэхьэзэхуэр нэхъ зыубгъуауэ, командэ нэхъыбэ хэту ирагъэкIуэкIын мурад зэраIэр. Абы и псалъэкъым кьыпищащ Парламентым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщI Дадэ МуIэед. Абы ныбжьыщIэхэр щыгъуазэ ищIащ Парламентым и тхьэдэм, и лэжьыгъэм. ИужькIэ хьэщIэхэм хабзэгъэувэ Iэнатlэм и унэм зыщыгъэпIныхьащ.

**ГУГЪУЭТ Зарем.**

**● Ухуэныгъэ**

# Джэгупlэ губгъуэхэр къапщытэ

**КъБР-м спортымкIэ, туризмымрэ курортхэмкIэ и министрым и кьуэдзэ Мамхэгъ Хьэчим, Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ министерствэм и лIыкIуэхэм щыгъуэу, Псынабэ, Арщыдан жылагъуэхэм, Тэрч кьалэм щатыну мини-футбол джэгупlэ IэрыщIхэм я щытыкIэр кьипщытащ.**

УХУЭНЫГЪЭР ирагъэкIуэкIащ «2009 - 2015 гъэхэм КъБР-м футболым зэрызыщIужьынур» республикэ программэ хэхам зэрыщыгубзыхуэм тету. Апхуэдэ губгъуэхэр Гунэдэлэн кьуажэмрэ Налшык дэт курыт еджапIэ [1] 9-м и пщIантIэмри кьыщызэIуахынущ.

Кьэпщытакlуэ гупым хэтхэр ятьэгъуам арэзы техьуащ - лэжьыгъэ псори фIагъ хэлъу и пIалъэм эофIагъэкIащ. А программэм тету, мы гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым и жылагъуэхэм мини-футбол джэгупlэ IэрыщIу 20 щауху ну я мурадщ. Дэтхэнэ губгъуэ IэрыщIми сом мелуан хуоэз. Ахэр республикэ бюджетым кьыхокI. Спорт джэгупIэхэр зэIуэпэщ щыным щыпIэ хьэрычэтыщIэхэми я мыльку хальхъэ.

***КъБР-м СпортымкIэ, туризмымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущlапlэ.***

Херес кьалэм и Iэтащхьэм и хэщIапIэм. КIыщ Мухьэдин и псалъэ гуапэхэр «ФIыщIэ тхылъым» иретхэ.

**● Гъэлъэгъуэныгъэхэр**

# Андалусием и плъыфэхэр

**Херес кьалэм и Iэтащхьэм и жэрдэмкIэ, фокIадэм и 6-м Андалусием (Испание) щыкIуэ Iуэхущ щIэрыIуэ, ди лъэпкъэгъу КIыщ Мухьэдин и Iэдакьэщ Iэкlэхэм я гъэльэгъуэныгъэ, «Гимн красоте-5» выставкэр кьызэрагъэпэщащ КIыщым и Iуэхуэхр Испанием щызезыгъакIуэ Орандо Карлосрэ и менеджер Мосс Жаклинрэ.**

ХЕРЕС кьалэм и Iэтащхьэ Пелайо Марие Хосе и Iуэхущlапlэм щригъэблэгъащ КIыщ Мухьэдинрэ Мосс Жаклинрэ, абыхэм я гъуэз эхущIэхэу «Къэбэрдей-Балькъэр» БТК-м и унафэщI Къэзанш Людмилэ, Урысейм и посольствэу Испанием щыIэм щэнхабзэмкIэ и атташе Белякова Айсур, Испанием ди кьэралым щилIыкIуэ Орандо Карлос, сурэтыщIым ипкъу КIыщ Маринэ сымэ.

КIыщ Мухьэдин уэнышагъэ кьрихьа и лэжьыгъэхэр кьызэхуэсахэм зрагъэльэгъуэ нужь, и Iэдакьэщ Iэкlэхэм, ахэр зэрыщIа жыпхъэм, зэрыщIэхэми теухуауэ зэрызыкьыхуагъэзэа упщIэхэм сурэтыщIым жэуап яритащ.

Пелайо Хосе кьыхихэщащ Мухьэдин и сурэтхэм льэпкъхэр зэрызэжьугъэуэр. Урысейм и посольствэу Испаниемрэ я щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр зэригъэбыдэр. Апхуэдэуи гъэльэгъуэныгъэр кьызэзыгъэпэщащ фIыщIэ яхуищIри, хьэщIэхэм Андалусием и саугъэт щыкIуэхэр яритащ.

Налшык икIа Къэзанш Людмилэ бысымэм псалъэ гуапэхэр яжриащ КIыщ Мухьэдин и гущIэм хуэфащэ гулыытэ зэрыхуащIм щхьэкIэ. Къэбэрдей-Балькъэрым и Правительствэм кьыбгъэдэкI фIэхьыс тхыгъэр Пелайо Хосе иритыкIри, ди республикэр зригъэльагъуну кьыригъэблагъащ.

АдэкIэ кьызэIуахащ гъэльэгъуэныгъэр. Абы кьрихьэлlат Инджылызым, Испанием щыщ сурэтыщI цIрыIуэхэр, колекционерхэр, сурэтыщIым и гущIэм дихьэххэмрэ журналистхэмрэ. Псом хуэмыдэжу Мухьэдин и гуапэ хьуащ Адыгэ Республикэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрымрэ я кьэрал телевидензэхэм кьыхуащIа гулыытэр.

И кьыкlэльыкlуэ екъулIэныгъэмкIэ КIыщым екъуэхьуащ Художествэхэмкlэ Урысей Академием и унафэщI Церетели Зураб, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан, Адыгейм щэнхабзэмкIэ и министр ЖэмыдIэ Гъэзий. СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэу кьэрал зэмылIужьыгъуэхэм щыIэхэм хэт ныбжьыгъуэр.

Адыгэ цей хуэжьыр щыщIэ сурэтыщIым сытым дежи утыку кьрехьэ зыпэмыкIыжьу, ауэ и псэм сытым дежи и гъунэгъу и Къэбэрдей-Балькъэр щыналъэ щыкIур. ЗэIущIэм кьрихьэлlаХэм кьыхагъэщащ КIыщ Мухьэдин и лэжьыгъэхэм Iуэху бгъэдыкьэжщIэхэр зэрыкьэплъагъэр, и зэфIэкIым зэрыкьэхьуэр. Сурэтхэм кьэщ Андалусием и плъыфэ псори, уэсыпIэ Iуащхьэмахуэ и тепльэрэ, Кавказ псы уэрэхри.

«Гимн красоте-5» гъэльэгъуэныгъэм екъулIэныгъэ иIэщ. Кьыщыдзэуаха махуэм кьыкlэльыкlуэ пщэдджыжьым абы еплъыну хуей щыхуэхэр зэхэтт, бжэр Iуахьым екьэу. Апхуэдизуи Енех Пескаринэ и цIэр зэрыкьэуэ Херес дэт гъэльэгъуэныгъэ пэшым Мухьэдин и мастер класс щекIуэкIынущ. Абы ирагъэблэгъащ сурэтыщI ныбжьыщIэхэр.

Выставкэр зэпэуэгъу маэзэ хьухукIэ екIуэкIынущ. Абы иужькIэ КIыщым и лэжьыгъэхэр Москва щыпсэльэгъуну и мурадщ. Зэрынэрылъагъущи, КIыщ Мухьэдинрэ абы и менеджер икIи и цIыхьгъуэ Мосс Жаклинрэ кьэралхэмрэ абыхэм я кьалэхэмрэ зэпащIэ, льэпкъ зэныбжьэгъугъэмрэ щэнхабзэ зэпыщIэныгъэмрэ гъэбыдэным хуэлажьэу.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

КъБР-мрэ Адыгеймрэ икIа хьэщIэхэр я гъуэгу КIыщ Мухьэдинрэ Мосс Жаклинрэ.

**● Джэрпэджэж**

# Къэшэж Иннэ дыкъыщхьэщыжыным хуэныкъуэ?

**Республикэм кьыщыдзэкI газетхэм языхэзым махуэку кIуам кьытехуащ Къэшэж Иннэ щагъэпуд тхыгъэ. Иннэ дыкъыщхьэщыжыным езыр хуэмыныкъуэмэ, апхуэдэ тхыгъэхэм ди «газет зэхэтыкIэрэ» игъэльапхъэщ, дунейм тетымтыж усакIуэ бзыльхуэрэм и щIыхьыр гъэщIэжынымрэ ар зыщIэжрэ яхуэзыдэжрэ имыгъэдахэу кьытфIощ.**

МАХУЭ якъэ цIыхухэм я пащхьэ хьыбарыщIэ ильхьэнщи ди кьалэм дэтхэнэ зыми ещI» газет тхыгъэмрэ усэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр. Дыгъуасэрей газетым нобэрей кьыкlэльокlуэри, и пэ ита махуэм ейр эрагъэтIылъэкIри, кьыщамыщтэжьыхэр зэхьэбзэщ. УсэфIым нобэрей губамIэр пщыхьэщхьэ пщIэрейрей ныбгъуэмэ ин лъэ жану укIэльегъэIэбэ. Араши, Iэ псынщIэ гуэрым иущIырха сатыр мыщхьэпэхэм ильэс щэ ныкьуэ хьуауэ тхылъхэм иту кьрахьэжI усэхэри ахэр зи Iэдакьэщ Iэкlэ усакIуэри яГъэулыифныгъэ дзыхьхьыныгъэхэм, Iэщхьэ адыгэхэм я щхьэ льагэу щIэIт зы дамыгъэ кьыIэщIанэратри, махуэ кьэс зи щIэ кьрамыIуэ усакIуэм и пщIэр нэхъ лъагэжу яIэтащ, хейуэ лъэщыр - лIам нэхъ хеI бгъуэтыжьын - текIуэри, бэлэрыгъаби зыщIэгупсысыжьыну, щIегъуэжьну Iэмал иГуэтащ.

Тургенев Иван ирагъэкIуэ тха и гуэрым мыпхуэдэ теплъэгъуэм дыщрохьэлIэ. ТхакIуэр уэрамым гуфIэу ирикIуэ гуэрым и гум иоплъэри щIоупщIэ: «Сыт ар щIэгуфIэр? Абы пщIы гуэр кьыгуасыри, щыхуэм яхиутIыпщхьащ. Иджы ар яГъэхьыбару зэхьэзэжащ, и Iэщlагъэм ирогушхуэ...»

«Пэж хьэмэ мыпэж?» упщIэр кьэмыувыжкIэ Iэмал иIэкъым, хуэфащэу щыIэ зыхуащ щIыхьымрыль щыкIэральхьэкIэ. КIэрыльмэ-щэ? А упщIэм и жэуапыр зыфIэхьэлэмэтхэр иджыри ирипльэфынущ ищхьэкIэ зи гугъу тщIа Тургеневым и гъащIэ гъуэгум. Маяковскиер, Цветаевэ, Рембо, Верлен сымэ я лъэужьхэми. ЦIыхур цIыхуу зыщIыжыр и нэр зытригъыдзэраци, ухуейм», дунейпсо щэнхабзэм пхуимыт-хьыкIыну итхэм кьагъэна дахагъэм дэпльей. Ухуейм», дэтхэнэ зыи и дежи, усакIуэхри тхакIуэри яхэту, кьыщыбгъуэтыфыну щыщIэныгъэхэм яхуеплъых. ЦIыхуу цIыкIуKIэ зэджэ хэти хуэдэу, мыбыи и натIэт гуэныхь IыхьэI гуэр кьалъысыну. Ауэ зи Iэдакьэщ Iэкlэхэм псэр кьэзыхьэху мы усакIуэм, псоми кьыщэбэкI щыуагъэхэм ящIыгъуу, ар гулыытэншэу кьыщIыпхуэмыгъанэ Iэзагъ кьыхуищIигъуащ ухыгъэм. А тIур - гуэныхьымрэ Iэзагъымрэ - гъуэ щIыхьэхуэхьуар гущIэгъур ди зэхэтыкIэм и хабзэ нэхъыщхьэ зэрыщыытыпхъэр кьыдгурыIуэну и чэзур кьызэрысар армыдаруэ пIэр? Езыр и щхьэм кьыщхьэщхьажфын Iэмалри зрита Къэшэж Иннэ а гущIэгъур кьилэжьагъэ кьимылэжьагъэ щхьэж зэрепльэ:

**Дэ хабзэ дыдэм дебгъэрыкIуэрт,**
**Зыхэзымыщыт кьэмынэу,**
**Дыхуейт мы гуартэу зэхэт гупым**
**«Си лъэпкъ» жедгъэIэжьну.**

***«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ.***

**● ФокIадэм и 16-р Мэзым и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

# Егугъуу кIэлъоплъ

**Мэзхэр ди хьугъуэфIыгъуэщ, дунейм и кьэхьукьащIэхэр зэхуэгъэзэкIуэным, республикэр, зэрыщыту абы кьедза щыпIэхэр кьызэрымыкIуэ щытыкIэхэм ящыхьумэным хуэунэтIауэ кьалэнышхуэ ягъэзащI. Мэзыр - гъащIэщ , ди гъэтIылыгъэ уасэншэщ. Мэз уэзышэр псы изхэм, гъавэ бзэхэм, хьуэ кьабзэм я хэкIыпIэщ. Аращ а кьэхуэгъуэм и тыгъэхэр зэдгъэзэхуэн, ар кьызэрытхуэупсэхэм хуэфащэ гулыытэ щхьэхуэр.**

КъЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым мэзыльэм щиубыдыр процент 15,2-рэщ. Абы кьыхэкIыу, ахэр кьэпIащIэхэм, мафIэсхэмрэ уэзыфхэмрэ ящыхьумэныр, гъэбэгъуэныр, тэмэму кьэгъэсэбэпныр ди кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу.

Къэбэрдей-Балькъэрым и мэз громи кIэльыплъыныгъэм щIэту эзрахьэ. 2009 - 2018 гъэхэм ятещIыхьа республикэ Мэз планым тету, мэз Iыхьэхэр аукционкIэ гъэдэжнду ядет. Абыхэм мэкьумэш кьэкIыгъэхэр щагъэкI, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ, хэзыгъэгъуазэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэ, мэз плантацIэхэр щызэрахьэ, мэз шхьныгъэхэмрэ удз хущхьуэхэмрэ щагъэкIыжьыр. Апхуэдизу аукционхэм кьарикIуэжам япкъ иткIэ, мэзхэр зыхьумэнухэм, зэфIэзыгъэзывэжьнухэм, пхьэ хэзыхьнухэм зэгурыIуэныгъэхэр иращIыпIэ. Зэрауб-зыхуам хуэдэу, жыгащIэхэмрэ чыцэхэмрэ хасэ, мэз кьэкIыгъэхэр зэрахьэ, я щытыкIэм кIэльопIэ. КьищынэмыщIауэ, жыгащIэхэм зезымыгъэужь гъурыкIэр, игъуалхэр паупщ. МафIэс кьэхьу хьужькIуэмэ, псынщIэу зэрынэсыну гъуэгухэр яхуэу, щIыпIэхэр зэрагъэпэщыж, льэс лъагъуэхэр пхащ, шынагъуэ зыпылъ итырыгъуэхэр яIэщ. А Iуэхум и чэзум зэрегугъум и фIыгъэкIэ, ди республикэм Мэз хозяйствэмкIэ и кьэрал комитетым кьеГъэбыдыпIа щIынальэм иужьрей илъэсипщIым мафIэс кьыщыхьуахьэну.

Мэзыльэхэр хьумэныр зэуIуу кьызэрагъэпэщ. Кьапщтэмэ, пхьащхьэр зэрыхахьэм, зэращэм, зэрыхащIым Iэщlагъэлlэхэр ткIийуэ кIэльопIэ. Кьэпщытэныгъэхэр, кIэльыплъныгъэхэр ирагъэкIуэкI, ныкьуСанигъэхэр кьаухтэ, зэрандщIэкIуэхэр жэуапым иращIэлIэ.

Мы гъэм щыщхьэIум и 16-м ЮФО-м Мэз хозяйствэмкIэ и департаментым кьищта унафэм ипкъ иткIэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым хьыхь щыналъэхэм я деж мази 8 кIуэм Къэбэрдей-Балькъэрым бжьыпэр щиубыдащ.

Мэзхэр яхьумэу, абыхэм я кьулеягъэр ягъэбагъуэу ylэ-эс кхуэ хьуауэ хьэлэлу я Iэнатlэм пэрыт Iэщlагъэлl, лэжьакIуэ куэдым я махуэм ирихьэлIэу Мэз хозяйствэмкIэ федеральнэ агентствэм, ЮФО-м Мэз хозяйствэмкIэ и департаментым, Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентым, Правительствэм, ЗСФСР-м Мэз хозяйствэмкIэ и кьэрал комитетым я щIыхь, фIыщIэ тхылъэр, саугъэтэхэр иратынущ.

Мэзым и лэжьакIуэхэм я профессиональнэ махуэмкIэ ди ветеранхэм, мэзгъэкIэм си гум кьыбгъэдэкIыу сохьэзыху. Фэри, фи унагъуэхэми уэнышагъэ быдэ, насыпI, зэIуэпэщынылъэ, жамыр гъащIэ фIеIэну, фи Iэнатlэм кьхуэлIэныгъэщIэхэр кьыщыфхьыну си гуапэщ.

**СОТТАЕВ Къурмэн,**
*КъБР-м мэз хозяйствэмкIэ и кьэрал комитетым и унафэщI.*

# Къару зэхэлъкIэ

**Куэд щоупщIэ иджыпсту ди мэзхэм я кьэхьуэдэмрэ ахэр зэрахьумэ щыкIэмрэ. Абы кьыхэкIыу щыгъуазэ фIыщытщыну дыхуейщ Кавказ Ищхьэрэм апхуэдэ Iуэхущlапlэ хэха зэрыщIым. Мэзыр хьумэныкIэ центру Ставрополь краймрэ зи хэщIапIэр Урысейм мэзыр хьумэныкIэ и федеральнэ Iуэхущlапlэ нэхъыщхьэм и кьудамэщ. 2000 гъэм кьызэрагъэпэща а Iэнатlэм щыналъэу плIы - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэр, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэр, Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэр, Ставрополь краймрэ щагъэпыщIащ икIи ар псори зэхуэсу мэзу гектар мин 800-м нэблагъэ толажьэ.**

ЦЕНТРЫМ и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ мэзхэм узыфэ зэмылIужьыгъуэхэр кьахьмыхьэным кIэльыплъныныр. Iэщlагъэлlэхэм егугъуу ядж мэзхэм зэранысэ езытынкIэ хьуну дунейм кьыщIихьу Iуэхуэхр, псэущхьэхэр, хьэпщхупщхэр. КьищынэмыщIауэ зэпымыуэу кIэльопIэ цIыхухэм ирагъэкIуэкI Iэмкьыгъэ зэмылIужьыгъуэхэм елытытащ зэхэмэ зэрызахьэжьым. Абы кьэрикIуаэхэм якIэ иткIэ узыфэ зэуэлIа мэзхэр икIэщIыпIэкIэ ираупщIыкI, мэз лъабжьхьэхэр ягъэкьабзэ, апхуэдизу узхэм я кьежьапIэу щыт щIыпIэхэм хущIыуэ тракIэ.

Мэзыр хьумэныкIэ центрым и Iэщlагъэлlэхэм хэхаэу кIэльопIэ мэзхэр кьыщыкI щIыхэр зыхуей зэрызгъэзэм. Абы папщIэ агрохимие лэжьыгъэр щагъэзхуабжьэ икIи ирагъэкIуэжа кьэпщытэныгъэхэм ягъэ иткIэ я ящыщ. Абы щыгъуазэ ящыщ зэрызыгъэзэрыр, гербицидэр, хущхьуэ зэмылIужьыгъуэхэр кьыщыгъэ

● Ди хъэщIэщым

Шорэр Анзор, Яхэгуаэ Къазбэч, Хъэмыкъуэ Башир сымэ.

# Абхъаз Республикэм къыщхьыжахэм я махуэ

**НэхъапэлуэкIэ ди газетым зэрытетащи, куржы-абхъаз заоуэм зэрыщIидзэрэ илъэс 20 зэрырикъуэм ехьэлIа Iуэхуг-гъуэхэр щыщхьэIум и 14-м сыхьум щекIуэкIащ. А дауэдапщэхэм хэтащ ди республикэм икIа щIалэ гупи.**

**Езыхэм яфIэфIу Абхъазым щыгъуазэ я республикэ зэгухьанырыгъэм и унафэщI Яхэгуаэ Къазбэч, правленэм хэтхэу Шорэр Анзор, Хьэмыкъуэ Башир сымэ яльэгъуазэм тедгъэпсэлъыхьыжьыну «Адыгэ псалъэ» газетым и хъэщIэщым къедгъэблагъащ.**

- ДЭ ЩЫЩХЬЭIУМ и 13-м дежьащ, бысымэхэри гуапэу къыттпежьащ, - жиIащ Яхэгуаэ Къазбэч. - Абы дыщыщIа махуэхэм дахуэзащ Абхъаз Республикэм и президентым, премьер-министрым, жылагъуэ зэгухьанырыгъэхэм я унафэщIхэм, щIалэгъуэлъэн.

Апсным и щхьэхуитыныгъэм езыхэм яфIэфIу щIэзуэхэм я махуэр ягъэуващ щыщхьэIум и 15-р икIи мы гъэм ар япэу ягъэльапIэуэ аращ. Абы ирихьэлIэу ирагъэкIуэкIа пшыхьыр дахэ, гукъинэж хьуащ. И пэ кьиуэ хуэ махуэм, щыщхьэIум и 14-м, Абхъазым и щIалэгъуалэ зэгухьныгъэм хэт гупым драгъуэсэу Бзыбэ псыщхуэм къыщыщIдзэ бгыщхьэхэм вертолеткIэ даIэтащ. ЗэрыжаiэмкIэ, а льэныкъуэрэщ Къабардей-Балъкъэрым щыщ адыгэ щIалэхэр абхъазхэм якъуэуэзи папщIэ Апсным и щIыналъэм япэу зэрихьар.

ЩIхьэхъыпIэм дынэса нужь, детIысэхри, абдежым пэгъунэгъуу щыт Iуащхьэхэм языхэзыам Къабардей-Балъкъэрым, Шэшэным, Абхъазым я ныпхэр щыдгъэуващ. Щыху 36-рэ хьу гупым я нэхьыбэр щIалэгъуалэт. Аращ къуршым дэжьым жэрдэмыр зейуэ щытари.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм кьалэкум щагъэувэ экранышхуэмкIэ къагъэльэгъуэжащ бгым дыщитым траха тепльэгъуэхэр. Абы нэмыщI, Сыкъум кьыщыхьэIуэкащ сыхьум яфIэфIу Апсным и щхьэхуитыныгъэм щIэзуэ щIалэр я сурэтхэр зытет щыхь пхъэбгъур.

ЩIалэгъуалэм упщIэ я куэдт. Я щIыналъэм щекIуэкIа зауэм, зэкъуэш льэпкъыу дыз эрыщытым абыхэм фIыуэ зэряхащыкIыр дымыгъэщIэгъуэн тльэкIакъым. ДрпэкIи ди зэхуаку зэпыщIэныгъэ бдзэ дэльын зэрыхуейр ныбжьыщIэхэм кьыхагъэщырт. ЩIалэхэр щащIэхэмрэ зыщIэупщIахэм ящыщщ сыт хуэдэ щыкIэкIэ ахэр ди республикэм кьаКIуэрэ щыхьэщIэ хъунуми.

Абыхэм я жэрдэмым ипкъ иткIэ, ди гугъэщ, ныбжьыщIэ 20 - 25-рэ хуэдизу хьу гупхэр чэзуэу кьедгъэблэгъэнху. Ахэр щыдгъэхьэщIэну ди мурадщ Абхъазым щыгъэхэхэм я унагъуэхэм. Ар кьыдэхьуIэмэ, ди къуэш республикэм щыщ щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ адыгэ лъэпкым кьыдекIуэкI хабзэхэм, ди щытIэ-псэуIэм нэхъ щыгъуазэ зыхуащIы-фыну догугъэ.

ЩыщхьэIум и 16-м дыхуэзащ Абхъаз Республикэм и президент Анкваб Александр. Ар дэтхэнэ зыми кьыдбгъэдыхьэрэ гуапэу ди Iэхэр кьиубыдащ, фIыщIи кьыттхуищащ.

- Абхъазыр гуэвэгъуэ щыхэхуэм, абыхэм я деж япэу нэсахэм дащыщI дэ, - кьыпищащ псалъэмакъым Шорэр Анзор. - Мыбдеж кьыхэзгъэщыну сызыыуейр щыщ - дызрихьэлIахэм я хэкур яхьумэжыну ягу иль щхьэдэ, - дызрихьэлIахэм я хэкур яхьумэжыну ягу иль щхьэдэ, я гур кьыхэзгъэгъуэтыжыныр зи пщэ дэзыпльхьэжахэм ящыщт Къабардей-Балъкъэр Республикэм икIа гупым яхэта Сосналь СультIан. Абы зауэ Iэхъум ипэжыпIэкIэ фIыуэ хищIыкIырти, щыхуэкIэр псынщIэу жыIэдэлуэ кьищIыфырт.

- Абхъазым и ныпэ Президент Ардзинбэ Владислав кьытхуиIуэтэжауэ щытащ Сосналь СультIан япэу щыхьэщIыхьауэ щыта щыкIэр: «Кавказ лъэпкъым я конфедерацэм и штабым Къабардейм кьикIауэ, зауэ Iуэхум фIыуэ хищIыкIыу полковник зэрыхэтыр зэхэсхат, - жиIэжу щытащ Ардзинбэ Владислав. - Ауэ ар хэтми сщIэртэкъым. Штабым сыкIуэуэ, сыздыщIыхьам щыхуэ куэд щIэст. Абыхэм зылI кьыхэжIащ, зауэлI лъэбакъуэкIэ кьыз-бгъэдыхьэри, зыкъыхсхуигъэзащ: «Ныбжьэгъу командующэ нэхъыщхьэ! Iуэхур зытетыр мыращ, абы ипкъ иткIэ дызэхуэсащ...». А псалъэхэр зэрызэхэсыху, сэ кьызгурыIуащ зауэр ди текIуэныгъэкIэ зэриухыныр».

- Мис апхуэдэ лы пхъашэхэр ди пашэу дакъыщыбгъэдэхутэхэм, зигу кIуэда абхъазхэр къэгушхуэжащ. Аращ жаIэжыр езыхэмэ. Идыдрей Абхъазым щымамырщ, щытыкIэр щызэпIэзэрытщ. Ди фIэщ мэхъу дяпэ зы ильэситхукIэ Апсным и гъащIэм нэхъри зэрызэнужьыжыну, - жиIащ гъэлIэ псалъэм и кIэухыу Яхэгуаэм.

***Абы нужьыкIэ журналистхэм я упщIэхэми хьыщIэхэм жуаI ираташ:***

**- Абхъазым езыхэм яфIэфIу щыгъэуахэм я махуэр дяпэкIэ щагъэльапIэкIэ, адрей щIынальэхэм хьыбар ирагъэщIэну?**

- АР-м и Президент Анкваб Александр а Iуэхум щытепсэльыхьым кьыхигъэщащ мы гъэм япэу зэрыграгъэкIуэкIым кьыхэкIкIэ, ди республикэм фIэкIа ирамыгъэблагъэми, кьыкIэльыкIуэ ильэсхэм зауэлIэкIэ кьыздикIауэ щыта адрей щIынальэхэри зэльагъэIэсыну зэрамурадыр, - жиIащ Яхэгуаэм. - Псалъэм папщIэ, Осетие Ищхьэрэ-Алание, Шэшэным, Адыгеим, нэгъэщIэхэми хьыбар ирагъэщIэщ.

Абы нэмыщI, дэри ди гугъэщ щыщхьэIум и 15-р дяпэкIэ Къабардей-Балъкъэрми щыдгъэльапIэну. Къуэш щIынальэм а махуэм ирихьэлIэу мыкIуэф щIалэхэр Налшык, Абхъазым и утым дежи щызэхуэсыфынущ.

КъищынэмыщIауэ, Анкваб Александр жиIащ, Апсным хуит кьыщащIыжьи щыхэкIуэда ди щIалэхэм я адэанэхэр, я щхьэгъусэхэр, бынхэр зыгъэпсэхуакIуэ гъэ кьэс щрагъэблагъэ пIалъэр гъэмахуэм и кIэхэм зэрагъэкIуэтэнури.

**- Абхъазым и ныпэ Президент Ардзинбэ Владислав кьытхуиIуэтэжауэ щытащ Сосналь СультIан япэу щыхьэщIыхьауэ щыта щыкIэр: «Кавказ лъэпкъым я конфедерацэм и штабым Къабардейм кьикIауэ, зауэ Iуэхум фIыуэ хищIыкIыу полковник зэрыхэтыр зэхэсхат, - жиIэжу щытащ Ардзинбэ Владислав. - Ауэ ар хэтми сщIэртэкъым. Штабым сыкIуэуэ, сыздыщIыхьам щыхуэ куэд щIэст. Абыхэм зылI кьыхэжIащ, зауэлI лъэбакъуэкIэ кьыз-бгъэдыхьэри, зыкъыхсхуигъэзащ: «Ныбжьэгъу командующэ нэхъыщхьэ! Iуэхур зытетыр мыращ, абы ипкъ иткIэ дызэхуэсащ...». А псалъэхэр зэрызэхэсыху, сэ кьызгурыIуащ зауэр ди текIуэныгъэкIэ зэриухыныр».**

**КЪУМАХУЭ Аслъан.**
*Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м и санитар-эпидемиологие Iуэхущ1апIэр илъэс 90 ирокъу

## ХЬЭЩIЫКIУ Клим: Дэтхэнэми и къалэныр нэсу зэфIех

***КъБР-м и санитар-эпидемиологие Iуэхущ1апIэр кьыз-зэрыунэхуэрэ нобэ илъэс 90 ирокъу. Ар зэрызэфIэувам, абы зэрызэужьам, нобэ я Iуэху зыIутым тедгъэпсэлъыхьыну дз зыхуэдгъэзащ республикэм и къэрал санитар докутыр нэхъыщхьэ, УФ-м цIыхухэм я хуитыныгъэмрэ зэпащIыныгъэмрэ кIэлъыплъымкIэ и управленэм и кьудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат, «УФ-м узыншагъэр хъумэныкIэ и отличник» щIа лъапIэр зезыхьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и докутыр Хьэщ1ыкIу Клим.***

**- Клим, республикэм санитар-эпидемиологие и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр зэфIагъэкIын щыщIадзар сытым щыгъуэ?**

- 1920 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м ди щIыналъэм и революционнэ комитетым и зи чэзу зэIущIэм унафэ кьыращащ медико-санитар кьудамэ кьызэрагъэпэщащ. Абы и унафэщIу ягъэуващ Абей Исмэхьил. А зэманым республикэм и щIыпIэ псомкIи щIэ санитар щытыкIэр щIагъуэтэкъым. Кьудамэ кьызэрагъэпэщам кьыпэщIыпыр кьаIэн гугъу дыдэт: республикэм щIэ санитар щытыкIэр егъэфIэкIуэныжьмкIэ ирагъэкIуэ IуэхугъуэхэмкIи, уэ зэрыщIалэхэр цIыхухэм кьапсэныжьын щхьэжьмкIэ матсэ яхэлъхьэныр кьэзыгъэпэщыныжьмкIи, нэгъэсауэ ахэр зэфIэгъэкIыныжьмкIи жэуап ихьырт. Архив дэфтэрхэм кьагъэлъэгъуэж а зэманым республикэр санитар-эпидемиологие щытыкIэ хьэлъэ зэритар. Абы щыгъуэм тапо узыфэм зыщIиубгъуу щIидзат Налшык кьалэм, Котляревскэ, Пришибскэ, Мэртэзей станицэхэм. Совет парт органхэмрэ медицинэ лэжьакIуэхэмрэ я кьару псорэ а Iуэхум хузэщIагъэуIуэри, 1920 гъэм и щышхьэIу мазэм и кIэм узыфэ зыкIэщIэ ягъэкIуэдащ. Санитар-эпидемиологие лэжьыгъэхэр а лъэхъэнэми екIуэкIами, а Iуэхум нэхъ зиужьын щыщIидзар 1922 гъэм фокIадэм и 15-м РСФСР-м и ЦIыхубз Комиссархэм я Совет Iофым «Областным и санитар органхэм ятеухуауэ» дерэфтеш кьыдигъэкIа иужьщ. Мис а илъэсырщ санитар-эпидемиологие Iуэхущ1ыпIэм кьыщыунэхуауэ кьалъытэр.

**- НэхъыкIэ Къабардей-Балъкъэрым щыщэфIэувэ санитар-эпидемиологие Iуэхущ1апIэм зэрызиужьам щыгъуазэ дыхуэпщIамэ арат.**

- Я Iпэ санэпидемстанцыр ди республикэм и кьалащхьэ Налшык кьыщызэIуахаугъэ щIидзэ 1927 гъэм. Абы хэтт ерыскъым епха, бактериологие, паразитологие лабораторэхэр. 1944 гъэм республикэм и Iофым псомкIи къарал санитар инспекцэхэр, санэпидемстанцхэр щылажьэрт. А зэманым санитар-эпидемиологие Iуэхущ1апIэм кьепхауэ лажьэрт дохутыр 59-рэ, медицинэ лэжьакIуэ кьызэрыгуэкIыу 75-рэ, узыфэ зэхуэмыдэхэмкIэ Iэщ1агъэлIу 63-рэ. 1949 гъэм къэрал санитар инспекцэмрэ санитар-эпидемиологие станцымрэ зэхагъэхьэжри, республикэм Узынщагъэр хъумэныжьмкIи и министерствэм хэту кьызэрагъэпэщащ Къэрал санитар инспекцэ нэхъыщхьэ. Абы щыгъуэми иджыри республикэм щылажьэу кьагъэнэжат санитар-эпидемиологие станцу 17. ИужькIэ район щхьэхуэхэр зэхагъэхьэжа иужь, ар хуэдэ Iуэхущ1апIэу республикэм щыIэр 11 хьащ (кьаIэн - 2, районхэм - 8, республиканскэу - 1). Къэрал санитар инспекцэм и кьалэнхэр псори иджы и пщэм кьыдэхуэжат санэпидемстанцым. Пльхэзнэ зэхуэмыдэхэм а Iуэхущ1-пIэм и унафэщIу щытахэм лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIащ, а Iэнатlэм и зыужьыныгъэм дэтхэнэми хэпльхьэныгъэ гуэр хуищIащ. Нобэ ахэр гуапэу дигу кьэдгъэкIыжкIэрэ я щIэ кьисIуэну сыхуейт. Томаревский Николай (1934 - 1937гъэхэм), Терпиловский Виктор (1937 - 1938), Кусков Николай (1938 - 1945), Золоев Хъанджэрий (1946 - 1950), Арминак Аминэ (1950 - 1955), Степанянц Левон (1956 - 1958), Павленкэ Иван (1958 - 1967), КIагуэ Анатолий (1967 - 1998), Вайсман Илья (1998 - 2004) сымэ.

1963 гъэм щыщIэдзауэ 1980 гъэ пщIондэ санэпидемстанцым и унэхэр щаухуащ Налшык кьалэ, Бахъсэн, Прохладнэ, Май районхэм. Санитар-эпидемиологие Iуэхущ1апIэр зэрыгушхуэ ухуэныгъэхэм ящыщт а зэманым и пщалъэхэм кьеззэгъыу, зыхуеину IэмэпсымэхэмкIэ кьызэгъэпэщауэ 1975 гъэм республикэм санэпидемстанцым и унэу Налшык щащIар.

**- Iуэхущ1апIэм и гуэгуанэм урипльэжмэ, нэхъ зыгъэгъэзэжу зыпэщIэта узыфэ зэрыщIапхэр сыт хуэдэ?**

- Апхуэдэ узыфэ шынагъуэу ди щIыхукъм кьахьхьажэм ящыщт техьэгъуэр. 1923 гъэм техьэгъуэм кьаралым апхуэдизкIэ зыщIибгъуатри, щIыху мини 10-м хуэзэу ар зыпхъэрыпхыр процент 40-м щIигъурт. Кьэбардей-Балъкъэрми Iуэхур щыщIагъуэтэкъым, уеблэмэ а узыфэр зыпкърытхэр процент 1,3-кIэ щынэхьыбэ ри зэрыщытым. Абы кьыхэкIыу, техьэгъуэм зыщIэтыну гуп щхьэхуэу 7 кьызэрагъэпэщат. 1924 гъэм а гупым иджыри кьахэхуауэ - жэпуэгъуэ мазэм кьызэIуахауэ щытащ техьэгъуэ узыфэм пэщIэту лажьэ зэпэщащ бактериологие лабораторэрэ. Абыхэм щрагъэкIуэкIа лэжьыгъэ купщIафIэхэм я фIыгъэщ 1965 гъэм техьэгъуэ узыифэм и лъэжь гуэри республикэм ущримыкьэпIэж зэрыхъуар. Абы кьищынэмыщIауэ, тхыдэм кьыхэнащ хуабэуэ, жьэн уз, фэм епха узыифэ зэрыщIапхэ зэхуэмыдэхэр зыпкърытахэри зэрыщIар. Апхуэдэу, 1930 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщагъуэтауэ щытащ фэрэкI узыифэр зыпкърыти.

**- Узыифэ зэрыщIалэхэм апхуэдэу зыщIауубгъуэр къабзагъэм и хабзэр щыIэрыпхъудыр арагъэнт?**

- Щэч хэмылъу, аращ. Псальэм папщIэ, Налшык щауэуэу япэу псыр бжьамийкIэ къыщашар 1895 гъэрщ. Абы щыгъуэм ди кьалащхьэм щыIпитху иIэт, а псы кьабзэр пагункIэ щащIэу. Кьыпхэмрэ кьуажэхэмрэ щыIэтэкъым псы фIейр зэрыкIуэ кIэнауэ-хэр. Апхуэдэ япэ кIэнауэр 1935 гъэм Налшык щауэуэу аращ. Мис апхуэдэ щыIыкIэхэм кьахэкIырт узыифэ зэхуэмыдэхэр.

**- Къабзагъэм и хабзэхэр къызэпемыгъэудыным, щIыхукъэр узыифэ зэрыщIалэхэм щахъумэным хуэлажьэу сыт хуэдэ Iуэхущ1апIэхэр дниIэ республикэм?**

- Зи гугъу пщIа Iуэхугъуэхэм кIэлъоплъ Роспотребнадзорым и кьудамэу КъБР-м щыIэм и нэIэм щIэту лажьэ Iуэхущ1апIэ зыбжанэ. Апхуэдэхэщ гигиенэмрэ эпидемиологиемкIэ центрыр, емынэ узыифэм пщIэтынымкIэ станцыр, уз зэрыщIалэхэм ебэнынымкIэ Iуэхущ1апIэр. Абыхэм псорэ зэхэту щолажьэ щыщу 650-м щIигъу, абы щыщу 231-р дохутырщ, 287-р курыт медицинэ лэжьакIуэщ, 132-р Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр зэфIэзэгъэкIэ Iэщ1агъэлI зэхуэмыдэхэщ. Абыхэм яхэтщ УФ-м, КъБР-м щыхь зиIэ я дохутырхэр, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидатхэр, «УФ-м узыншагъэр хъумэныкIэ и отличник» щIа лъапIэр зезыхьэхэр, Урысей Федерацэм Узынщагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и Щ1ыхь тхылъхэр зыхуагъэфэщащхэр.

**- Клим, нобэ ди лэжьыгъэр дауэ екIуэкIэрэ?**

- 2004 гъэм щегъэжьауэ УФ-м и къэрал санитар-эпидемиологие Iуэхущ1апIэм зэхъуэжьныгъэшхуэхэр щокIуэкI. Iуэхущ1апIэм и кьалэнхэр нэхъыбэ мэхъу, жэуаплыныгъэ ихьми, щэч хэмылъу, кьыхохьуэ. Мы зэманым Роспотребнадзорым и кьудамэу КъБР-м щыIэм и Iуэхущ1апIэхэр иджырей IэмэпсымэхэмкIэ кьызэгъэпэщащ, щIэуэ ди лэжьыгъэм кьыхьхьахэм ящыщу электрон жыпхъэм тету Iуэхутхэбзэхэр зэрызэрэгъэхьэрэ зэрызэфIэтхэр.

Иужьрей илъэсхэм республикэм и щIыналъэм узыфэ зэрыщIалэ щынагъуэ куэдым ущрихьэлIэжыркъым. Ар я фIыщIэщ ди Iэщ1агъэлIхэмрэ республикэм узыншагъэр хъумэныжьмкIэ щыIэ Iуэхущ1апIэхэмрэ зэгъэсу ирагъэкIуэжкIэ лэжьыгъэ купщIафIэм, дэтхэнэми я кьащхьэ ипкъ иткIэ, республикэ МВД-м и Правительствэм 2012 гъэм накъыгъэм и 24-м кьыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, республикэ МВД-м и Iэнатlэхэм сом мин 269-м щIигъу зэхуахьащ. А мылькур 2012 - 2013 гъэ ещанэгъуэщIэр щыщIидзэжьым школакIуэ ныбжьым хиубыдэ сабин 149-м Iэрагъэхьащ.

Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хъыбарэхэмрэ жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и Iэнатlэм кьызэритамкIэ, псори зэхэту илъэсыр кьызэриухьэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и полицэм псапащIэ Iуэхум папщIэ сом мелуани 4-рэ мин 759-м щIигъу зэхуихьэсащ.

**УАРДЭ Жантинэ.**

● Хъуэхъу

*Хьэфыщ1э Эльмирэ Мусэбий и пхъум деж*

Фыуэ тльагъу Эльмирэ!
Зи псэр псынэу кьабзэ,
Зи бзэр бзум хуэдэу бзэрабзэ.
Анэжьилъхум ди псэ,
Кьалъхужам я дыгъэ.
Адэ-анэм щабэу
Ябгъэдэт бзылъхугъэ,
Быным теубгъуауэ,
Унагъуэр зыихуэм.
Нобэ ныбжь дахэ уогъэльапIэри,
Мураду пщIар кьохъулIэу,
ГуфIэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ ущымыщIэу,
Уи пщIэр льагэрэ дыбдэгушхуэу,
Уи унагъуэр кьыпкъуэту,
ГъащIэм гу щыпхуэну дынохъуэхьу.

*Уи Iыхьлыхэр, благъэхэр.*

● Псапэ

## Сом мелуани 5-м нэблагъэ хухах

**КъБР-м щыIэ МВД-м унафэщIхэм ядэлажьэныжьмкIэ и управленэм и тхьэмадэ, къэрал кIуэцI къулыкъуэм и полковник Бейтыгъуэкъ Заур щыгъуазэ дыдэрищIамкIэ, министерствэм и къулыкъущIэхэм сом 2447082 зэхуахьэсри, Краснодар крайм хыхьэ Крымск къалэм къыщыхъуа щIыпэпс къэхъукъащIэм и ней зытехьахэм хуагъэхьащ.**

ЧЕРНОБЫЛЬ АЭС-м къыщыхъуам и лъэужьхэр зыгъэкIуэдыжахэм яхэта узыфэ Iей зыхуагъэува и къуэм къыпэщылъ операцэм текIуэдэну мылькумкIэ зыщIагъэкъуэну абы и анэм министерствэм зыкъызэрыхунгъаэрэ куэд щIакъым. Абы и гум щыщIэр зэхэзыщIыкIа унафэщIхэм сом 43350-рэ хуэзэхуахьэсащ. Илъэситху зи ныбжь хуьыджэбз цIыкIум еIэзэн папщIэ полицейхэм сом 194350-рэ хуаутIыпщащ.

«Сабийм и узыншагъэ» проектым ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Сабий фондым закъыхунгъазат зи узыншагъэм еIэзэн хуей сабийхэм зыщIагъакъэуныи полицэм и лэжьакIуэхэм абы и счетым сом 620419-рэ ягъэхьащ. Сымаджэм фIагъ зиIэ протез кьыхуащэхун папщIэ абы и анэм мы гъэм мэкъуауэгъуэм сом 392300-рэ ираташ. Полицэм и лэжьакIуэм и къуэм операцэ кьыпэщылъти, сом 39950-рэ хуэзэхуахьэсащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэхэу зи кьалэн зыгъэзащIэу зэкIуэдахэм я сабийхэм Болгариемыщ1э Приморскэ къалэм дэт «Астра» центрым я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэн, зыщагъэпсэхун папщIэ сом мин 550-рэ зэхуахьэсащ.

Сабийгъуэр дэIыгъыным теухуауэ республикэпсо щэфэт щIыпхъэху етъэкIуэкIыныжмкIэ КъБР-м и Правительствэм 2012 гъэм накъыгъэм и 24-м кьыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, республикэ МВД-м и Iэнатlэхэм сом мин 269-м щIигъу зэхуахьэсащ. А мылькур 2012 - 2013 гъэ ещанэгъуэщIэр щыщIидзэжьым школакIуэ ныбжьым хиубыдэ сабин 149-м Iэрагъэхьащ.

Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хъыбарэхэмрэ жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и Iэнатlэм кьызэритамкIэ, псори зэхэту илъэсыр кьызэриухьэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и полицэм псапащIэ Iуэхум папщIэ сом мелуани 4-рэ мин 759-м щIигъу зэхуихьэсащ.

**УАРДЭ Жантинэ.**

*Епсэлъар* **щIхьэщэмыщI Иэзщ.**

# Гъукlакъуэр япэ йощ

● Спартакиадэхэр

**ЩIыщагъэ, газ, гъэсыныхъэ промышленностым и къэхъуэм ирихьэлIэу, республикэм и газ лъжьакIуэхэм ильэс кьэс кьызэрагъэпэщ спартакиадэр Май районым и щIыпIэ дахэм щыIэ гуэлым и Iуфэм щрагъэкIуэкIащ. Абы хьыхьэт бдзэжьей ещанэмкIэ, щахматымкIэ, доминомкIэ зэпеуэжу. Зэхъэхуэхэм хэтащ «Къэбардыкъэгъэ» ОАО-мрэ «Газпром-Псыхуабэ щIыналъэ зэхуакIуэ газ» ООО-мрэ я кьудамэ псомэ я лъжьКIуэр 70-м щIигъу.**

БДЗЭЖЬЕЙ ещанэм дыхьэхэр нэхущым гуэл Iуфэм щызэхуэхуэри, пхъэидзэ ирагъэкIуэжащ. Кьалыса щIыпIэхэм зрагъэзэгъа нэужь, слесархэм, мастерхэм, инженерхэмрэ кьудамэхэм я унафэщIхэмрэ зэпеуэм щIадзащ. Абы сыхьэти 2,5-рэ хуэхьат.

Яп-э сыхьэтым «Майгъа» кьудамэм и лэжьакIуэ Власов Александр и кIэныр кьиубыдащ - грамм 200 хьуэ яп бдзэжьейр къэзубыдар араш. Зэпеуэр иухыным куэд имыIэжу, нэгъуэщI зыбжанэми я кьунтхэхэм зэкIэлъхьужьу бдзэжьейр кьапыхащ. Дэтхэнэми кьиубыдар зэрыхъэр яшэча нэужь, «Кьабалъкъэгъэ» и аппаратым и командэм щыщ КIуэкIуэ Николай псоми ятекIуауэ кьыщIэкIащ икIи а спорт IэрыхъэмкIэ спартакиадэм и чемпион хьуащ. Абы килограмми 8 кьиубыдащ. «Аруангъэ»-м и лэжьакIуэ Ткаченкэ Виктор еIуанэ хьуащ, «Гущхьэмахуэгъэ»-мрэ «Шэджэмгъэ»-мрэ и лIыкIуэхэу Нагайлиев Арсенрэ Тхьэзэпльык Алимрэ ещанэ увыпIитIыр зэдагъэщащ.

Олимп джэгукIэм тету доминомкIэ зэпеуэхэм я деж «Дзэлыкъуэгъэ»-м щыщ Ерков Роман бжьыпэр щиубыдащ. «Тэрчгъэ»-мрэ «Майгъэ»-мрэ я лэжьакIуэхэу Лэщкэн Эдуардрэ Мамонтов Викторрэ абы къэзрыкIэрыхуар зымащIэкIэщ.

ШахматымкIэ щхьэзакъуэ зэхьэзэхуэм щыху 12 щыхэмкIэ. Удихьхьу екIуэжа зэпеуэм щытекIуэнур иужьрей зэIущIэм щIидзэху хэхаэу пхужьIэнутэкъым. ИкIэмикIэжьым, очкокIэ ефIэкIри, «Тэрчгъэ»-м щыщ ГъукIакъуэ Эдуард псоми ятекIуащ. «Налшыкгъэ» кьудамэм и участкэм и мастер КъумакIуэ Артуррэ «Газпром-Псыхуабэ щIыналъэ зэхуакIуэ газ» ООО-м и щIыпIэ Iуэхущ1апIэм и унафэщIым и кьудамэ Семэн Залымрэ етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр кьахьащ.

ТекIуэхэр ягъэпэжащ, зэпеуэм епльхэр яльэгъуамкIэ арэзыу, загъэпсэхуэу зэбгрыкIыжащ.

**ИВАНОВ Вячеслав,**
*«Къэбэрдыкъэгъэ» ОАО-м и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.*

● Самбо

## Бахъсэн къалэ щаухуэ

**Сату-экономикэ IуэхугъуэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iуэхущ1апIэ Самарэ областым щыIэ Къэжэр Заур къэригъэблагъэри республикэм щыIащ самбомкIэ плIэнейрэ дуней псом и чемпион Иванов Анатолий.**

Къэжэр Заур, Иванов Анатолий, Мамхэгъ Хьэчим сымэ.
*Сурэтыр* **ТОЛГУРОВ Камал** *трихащ.*

ХЬЭЩIЭР республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэм яIуащ. Абы игъуэщ Къэжэр Заур, КъБР-м спортымкIэ, туризмымрэ курортхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Мамхэгъ Хьэчим, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и тренер Узэщхуэн СультIан сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и дахагъэм, абы щыпсэухэм ядилъагъу хабзэмрэ пщIэмрэ зэрыдихьэхыр, льахэм и зыужьныгъэм, ефIэкIуэныгъэм, и екъуIэIэныгъэхэм адэкIи кьыпищэмэ зэригуапэр кьыхигъэщащ Иванов Анатолий. АдэкIэ жиIащ самбор олимп спорт лIэужьыгъуэхэм дыщIигъащ мыгувэу хагъэхьыну зэрыщыгугъыр.

- Махуэ кьэс ар нэхъри щIэрыIуэ мэхъу, абы дихьэхэм кьахохъуэ. Самбом зэгуегъэхьэ дуней и хъарал 43-м я спорт щэнхабзэр. Мыгувэу а спорт лIэужьыгъуэр кьызэрежьэрэ илъэс 70 зэрикъуэр дгъэлъэпIэнущ, - жиIащ Анатолий.

Псом уэхэмыдэу кьызэхуэсахэм гуапэ ящыхъущ самбо спорт лIэужьыгъуэм нэхъыбэу зыщIиджьа Бахъсэн къалэ а бэнэкIэмкIэ зыщагъэсэну центр щауху эн зэрыжиIар. Иванов Анатолий Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ кьыхэхэр иригъэблагъащ зыбжанэрэ дуней псом и чемпион хьуа Песоцкий Иван и фоепльу мы гъэм зэрыуэтIуэм и 26 - 27-хэм Тольяттти къалэм щекIуэкIыну зэпеуэм.

АдэкIэ хьэщIэхэр Бахъсэн къалэм кIуащ. Самбо кьэзыгъэ екIуэлIэри, бэнакIуэ ныбжьыщIэхэм яIущIащ, зыгъэсэныгъэхэр щрагъэгъкIуэкI пэшхэр кьызэрыгъэпэщам щыгъуазэ защIащ. ПлIэнейрэ дунейпсо чемпионыр спортсмен ныбжьыщIэхэм егупащ - абыхэм самбо зэрыбанэ щыгъынхэр яритащ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

## Урысей чемпионатым кIуэнухэр

● Дзюдо

**ЩIыхухэхэмрэ щIыхубзхэмрэ зыхэта дзюдомкIэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм и чемпионат Налшык щекIуэкIащ. Абы зи зэфIэкI щызыгъэлъэгъуа Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм ящыщу 10-м фокIадэм и кIэм щыIэну къэралым и кIэух зэхъэзэхуэм хэтыну Iэмал ягъуэтащ.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ дзюдоист 350-рэ кьырихьэлIат. Абыхэм ящыщу 45-р Къэбэрдей-Балъкъэрым икIат. МахуитIым кьиубыдэу ди республикэм и лIыкIуэхэм зы дыщэ медаль, дыжьыну 2, жэуэ 4 зыIэрагъэхьащ. Яп-э увыпIэр яхьащ Бабыгуей Олег. Бырсекьэу Ислъамрэ Бэрэздж Светланэрэ етIуанэ зэхуащ, Кожухов Аслан, Рахаев СультIан, Сальхов Мурат сымэ ещанэщ. Етхуанэ увыпIэр зыльыса Кьылыш Алим, Махуэ Анзор, Хьурсинэ Залымхан сымэ фокIадэм и 30-м щыщIэдзауэ жэпуэгъуэм и 5 пщIондэ Кемеровэ къалэм щекIуэкIыну Урысей чемпионатым хэтынущ.

КъБР-м и спортсменхэм кьагъэльэгъуа зэфIэкIым гульытэ хуищIащ дзюдомкIэ Урысейм щIыхь зиIэ и тренер, зэхьэзэхуэм и судьяи нэхьыщхьэу щыта Емкъуэ Мухьэмэд: « Мыр Олимп Джэгуэгъэм и ужьыIэ екIуэжкI апIэ зэхьэзэхуэу зэрыщытыр кьэпльытэмэ, Урысейм и командэ кьыхэхам хэт ди дзюдоист лъэщхэр зыгъэсэныгъэхэм щыIэти, идкиырейм хэтыну Iэмал яIакъым. Апхуэдэу щытми, екъуIэныгъэ зэхуэмыдэхэр зыIэрыгъэхьащ», - жиIащ абы.

***КъБР-м Спортымкlэ, туризмымрэ курортхэмкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1анэ.***

**Щ1ыпащ, газ, гъэсыныхъэ промышленностым и къэхъуэм ирихьэлIэу, республикэм и газ лъжьакIуэхэм ильэс кьэс кьызэрагъэпэщ спартакиадэр Май районым и щIыпIэ дахэм щыIэ гуэлым и Iуфэм щрагъэкIуэкIащ. Абы хьыхьэт бдзэжьей ещанэмкIэ, щахматымкIэ, доминомкIэ зэпеуэжу. Зэхъэхуэхэм хэтащ «Къэбардыкъэгъэ» ОАО-мрэ «Газпром-Псыхуабэ щIыналъэ зэхуакIуэ газ» ООО-мрэ я кьудамэ псомэ я лIыкIуэр 70-м щIигъу.**

БДЗЭЖЬЕЙ ещанэм дыхьэхэр нэхущым гуэл Iуфэм щызэхуэхуэри, пхъэидзэ ирагъэкIуэжащ. Кьалыса щIыпIэхэм зрагъэзэгъа нэужь, слесархэм, мастерхэм, инженерхэмрэ кьудамэхэм я унафэщIхэмрэ зэпеуэм щIадзащ

**● Дифі догъэлъапІэ**

**КъБАССР-м и унафэщІхэм КПСС-м и ЦК-м и секретарь Пономарев Борис ягъэхьэщІэ.** *1983 гъэ*

**Къэбэрдей-Балъкъэрым къебЛэгъащ абхъаз тхакІуэ щІэрыІуэ Шинкіубэ Бэгърат.** *1977 гъэ*

**Колхоз унафэщІхэу Евтушенкэ Николай, Тэрчокъуэ Къамболэт, Абубэчыр Нажмудин сымэ я гъусэу Будапешт зыщегъэпсэху.** *1973 гъэ*

**Космонавт Титов Герман Абхъазым щыхуэзащ.** *1981 гъэ*

**Кубэм кынкІа щІалэгъуалэ гупым и унафэщІым бгъэдэтщ КъБАССР-м и комсомолым и пашэ Сэбанщы Роззэрэ Дзэлыкъуэ районым и тхъэмадэ Дохъущокъуэ Мусэрэ.** *1962 гъэ*

**СССР-м и министр Федоров В. С. и гъусэу щакІуэ щыІэщ.** *1980 гъэ*

***Цыхухугъэр, напэр, пэжыр япэ изыгъэщу, ахэр зи гъуазэу, зи гъащІэ джэлэсу псэухэр я теплъэкІэ адрей цыхухэм ещхьми, я псэмрэ я гумрэ нэгъуэщІ щытыкІэ яІэу дунейм тетщ. Ахэр гъуэгу пэжым зэи къыпхутешынукъым, я напэми зэи пхуепцІыжынукъым, сыт хуэдизи зыщуэфыІуэ ихуэбгъэльагъуэмкІ. Апхуэдэ хьэл-щэн льагэхэр зыхэлъ цыхухэм я щапхъэщ политик щІэныгъэлъэІ, къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэщхуэ Дохъущокъуэ Мусэ Ильяс и къуэр.***

***Дзэлыкъуэ куейм хьыхьэ Сэрмакъ къуажэм 1932 гъэм фокІадэм и 3-м къыщалъхуащ Дохъущокъуэр. Къуажэ школыр фЫ дыдэу кІыпхуа нэужь, Мусэ райисполкомым и къудамэм и инспектор нэхъыжьу ягъэув, куэд дэмыкІыуи хах комсомолым куейм щиІэ комитетым и етІуанэ секретару. Абдеж щыщІидзэри, Дохъущокъуэр илъэс куэдкІэ пэрытащ къулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэм. КъБКъУ-мрэ ВЛКСМ-м и ЦК-м деж щыІэ Комсомол еджапІэ нэхъыщхьэмрэ кІуэхри, мэкъумэш щІэныгъэхэм я кандидат диссертацэри Москва щыпхигъэкІащ Мусэ.***

***Ди республикэм и Нагорнэ, Дзэлыкъуэ куейхэм 1950-1957 гъэхэм комсомол лэжьыгъэр щызыгъэпсэлъахэм ящыщащ Дохъущокъуэр. 1960 - 1969 гъэхэм ар лэжьащ партым и Дзэлыкъуэ райкомым и япэ секретару, къыкІэлъыкІуэ илъэсхэм щытащ КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и Унафэщым и япэ къуэдзэу, Щыхубз кІэлъыплъыныгъэмкІэ комитетым и тхьэмадэу, КПСС-м и обкомым и секретару. 1983 - 1988 гъэхэм Дохъущокъуэ Мусэ КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщІщ. Щыхубзм я дзыхь кърагъэзурэ, Дохъущокъуэр зыбжанэрэ хахащ РСФСР-м, КъБАССР-м я Совет Нэхъыщхьэхэм я депутату. Апхуэдэу ар щытащ КъБАССР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІу. Нужьыкіэ лэжьащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ институтым и унафэщІым и къуэдзэу.***

***Политик Іущ, жылагъуэ лэжьакІуэ емызэшыр нобж щыджэру хэтщ республикэм щекІуэкІ гъащІэм. Ар хэтщ КъБР-м и Іэтащхьэм деж щыІэ Жылагъуэ советым, и щІэныгъэ куури зэфІэкІ льагэри республикэм и зэІуэзэпэщыгъэм, зэпІэзэрытыныгъэм, фым хунгъэлажьэу. Гъащ1эм и зэхэтыкІэм, абы и хабзэхэм фыиуэ щыгъуазэ щыхуэ зэпІэзэрытым, жыжьэ плъэфым республикэм и социально-политикэ псэукІэм теухуа гупсысэ купщІафІэхэр, и гукъэкІыжхэр зэрыхуа тхылъ зыбжанэ и къалэмыпэм кІыпыкІащ.***

***Сыт хуэдэ Іэнатіэ Іумытами, къулыкъу гъэрымытами, Дохъущокъуэм ар дапщэщи нрихьэкІащ пэжу, жэуапльпыгъэр зыхищІэу, иригъэфІакІуэу. Апхуэдэу хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ хэкупсэ нэсым къыхуагъэфэщащ ГуащІэдзэкІым и Бэракъ Пльыжь орденыр, «ЩІыхьым и Дамыгъэ» ордену 2, нэгъуэщІхэри.***

***Дохъущокъуэ Мусэ и ныбжьыр иджыблагъэ нльэс 80 ирикъащ. И махуэшхэм ирихьэлІэу абы зыхуэдгъэзащ и гъащІэ гъэугум, дуней еплъыкІэхэм теухуа упщІэ зыбжанэкІэ.***

# Дохъущокъуэ Мусэ: Си напэм зэи сепцІыжакъым

**- Мусэ, уэ ди республикэм щыщІэрыІуэ щыхухэм ящыщщ. Пъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм къыбдэлэжьахэми, уи ныбжьэгъухэми, укъэзыщІыхуэ псоми ягу гъэрпьыр захуагъэрэ гкІигъэрэ зыхъэль. Зи Іуэху еплъыкІэхэр, дуней тетыкІэр зымыхъуэж унафэщІ щыпкъэм и щапхъэщ. Апхуэдэ уи хьэлщэнхэм я щІэдзапІэр, дауи, укъызыхэкІа унагъуэм епхащ.**

- КъэзгъэщІа гъащІэ кІыхьым кьрибыдэу, пэжу, сэ зэи къысхихуакъым си напэм сыщепщыжа, си фейдэ зыхэлъынум щхьэкІэ си щхьэр щызгъэщхьа, си нэмысыр щызгъэльэхьша. Апхуэдэ щыгъэкІэм и льэбжьэр дыдыпІа ди нэхъыжьхэм я деж къыщожьэ.

«Зауэм и бынкІэ» зэджэ щІэблэм сащыщщ сэ. Ди адэ Ильясрэ ди анэ Дыщэхурэ сабиитІ драгІащ: щІалитІрэ хъыджэбэитІрэ. Быным я гуфІэгъуи я ехъулІэныгъи яІагъэуну хунэсакъым дыкъэзыльхуахэр. Сэ си ныбжьыр илъэсэ 6 ирикъуа кьудейуэ, быным ди нэхъыщІэ дыдэ си щыпхъэу щІыкІыр илъэс хьуагъащІэу унагъуэм гуаузэщхуэ кьыттепсыхаяэ щытащ; ди анэр дунейм ехьжащ... Куэдрэ сымэджащ а тхьэхэм щыщкІэр, зигъэхъужынуи Іэмал тъэпкъ ніакъым. Колхоз губгъуэм жэщ-махуэ ямыІэу итт абы щыгъуэ кьуажэдэхэр, сымаджэкІи сабий щІыпІ яІакІи кьаиІ мыхъуу. Ди анэр зэрысымаджэр зыльагъу ди адэшхуэ ТІамыщІрэ анэшхуэ Нэхушырэ я нысэм кьыщхьэщыжу губгъуэм ямыгъэкІуэну хэтт, арщхьэкІэ ахэр влэстым и бийуэ къуэву жаІэрт, уеблэмэ тутнакъэщым ягъэтІысынкІэ къагъэшынэрт. Апхуэдэу сымаджэурэ лэжьащ пщэдджыжь ирикІи габий нэхъыщІэр кьилъхуа нэужь, куэд дэмыкІыу тщхьэщыгкІащ абы и жьауэр. ИужькІэ анэнэпІэс кьытхуашэжри, зы къуэщ щыкІуи кьытхуалъхужат, ауэ ахэри гъащІэ кІыхьтэкъым: зауэ нэужьым ди анэнэпІэсыр ІІащ, зи ныбжьыр илъэс 28-рэ фІэкІа мыхъуа ди шынэхъыщІэр токмак нуклеар къэзгъэнэжащ.

Ди адэм и шыфэІыфэм щыщи куэд си гум кьинакъым. СощІэж: ар шыгуэу колхозым щылажьэрти, и гъащІэр губгъуэрысу ихьыжащ пщэдджыжь ирикІи зым дэкІырти, цІыхуэр губгъуэм ишэрт, итІанэ ахэр шхынрэ псыкІэ кьиІэзэрыгъэпэщырт. Пшапэр зэхэуэху лажьэ гуащІэрыпсуэр я унэхэм ирипэІэжьыртри, дэкьыщытхьхьэжьыр жэщыбгр хьуаэт. ЩІэныгъэ гуэри зэрыбгъэдэмыльэыр игу кьеуэрт ди адэм. Быным я нэхъыжь абы Іэмал ніакъым школ кІуэнуи, тхьилъм зэман тригъэкІуэдэнуи. Хэку зауэшхуэр кьэхьеиуэ фронтым щашэм, нэхьыбэу щІогузавэр арат: езыр мытэфмэ, и адэрэри арамэ, дауэт я хьыбар зэрыізэрыщІэнур. Ар зауэм щыдаша махуэр нобэ хуэдэу си нэгум щІэтщ. Колхоз правленэм и бжьІумэм деж щыхухуэ щыІэ зэхуэсат, зэуэм кІуэхэри ахэр езыгъажьэхэри куэд хьурт. Фронтым яшэхэр гухэм ирагуэшат. Ди адэм кьыпыса тІысыпІэр гупкІэм хуэзати, и лъакъуитІыр кьедзыхаэ гум ису арат. Шыгуэр елкьэну унафэ ящІа нэужь, сэ абы и Іэр сымыІутІыпщу заупрэ гум сыкІэтъыжащ. Сыгъыну сыхуэмейми, си нэпсэр кьысфІежэхэрт. Ешэш сІущиірт сабий нэхъыщІэхэм сакІэтъыпІпыну, лІыжь-фызыжьым защІэзгъэкъуэну, иджьыр кьэж жимыІа псори зэуэ кьызжиІэжыну хуеи хуэдэ. Шыгуэм нэхъ псынщІэ защІа нэужь, сэ абыхэм садэхуэжакъым: сыитъэпрэпэри сакъыкІэрыхуащ. Си адэм нужьрейуэ кьызжиІэжа псалъэхэр иджыри си тхьэкІумэм итщ. «Еджэ, Мусэ, Іэмал имыІэу еджэ, сыт къэмыхъуми!» - жиІэрт, хикъуэзэу...

Куэд дэмыкІыу ди унагъуэм щыгъуэ тхылъ кьыІэрыхьащ. Абы итт Харьков и Іэгъуэблагъэм щекІуэкІа зауэ гуащІэхэм ди адэр щыхэкІуэдауэ... Апхуэдэу зауэ гущІэгъуэншэм бынунэр ибэ хъурейуэ дыкьигъэнащ. Дэ насыпыр диІэти, ди адэшхуэ анэшхуэр псэут, я лъэ зэрахьэу. Тхьэмыщкіэ быным кьыттеубгъуэу дапІащ абыхэм.

**- Адэншэ-анэншэу, зауэм, абы и ужь илъэсхэм щыІа гугъуехь псори уи нэгу щІэкІащ-тІэ уэ, Мусэ. Ивнэр щІэщІащІэ зыгъэгъуэу, щІэныгъэм уи гур хуэзІухауэ укъэтэджащ.**

- Ар псори зи фІыщІэр зи жьауэм дыщІэту дыкъэхъуа ди нэхъыжьыфІэхэрщ. Дауи, гугъут уеджэну я зэманым. Школым дызэрыкІуэн щыгъын, вакъэ къудей щыдимыІэ, дызэрытхэн Іэмэпсымэхэр щытхъуримыкъу куэдрэ кьэхъурт, унагъуэр дызыхуэныкъуэ адрей псоми я гугъу умыщІыххи. Сылэжьэну жьсІэрт, еджэныр ІэщІыб сщІыуэ. Ди анэшхуэ Нэхушыр апхуэдэхэм деж игу кьыдридзеижьрт зэуапІэм Іукіуэда и къуэм быным хуиІа хьэпсапІэр. «ПщІэжрэ уи адэ тхьэмыщкІэм и нужьрей псалъэхэр: «Еджэ, Мусэ, Іэмал имыІэу еджэ, сыт къэмыхъуми!» Абы и уэсятыр дгъэззэщІэн хуейщ», - щІэхщІэхьыурэ кьызжиІэрт абы.

Апхуэдэурэ дыкьхэхъуащ. Ди сабийитІыр, ди щІалэгъуэтэ, гугъуехьу кьытпщыхьуртэкъым Балъкъыпс зэпыдупщІурэ километр зытхухкІэ дыкІуэщІрыкІыу гъэсыныпхъэ кьэтпытыхьэныр, кьытфІэІуэхуэтэкъым школым дынэсин щхьэкІэ, пщэдджыжькъ кьэс лъэсу километрищ зэрышткІыр. Ди закъуэтэкъым апхуэдэ гугъуехьэр зыщынар - нахъуреягъкІэ дэ т хуэдэт: зеиншэхэт, тхьэмыщкІэхэт, мэжэщІалІэхэт. Цыхуфэм дэхуэныр зыхуэдизыр гъащІэм дигъэгъэунэху хуэдэт а лъэхъэнэм. Насып диІэти, махуэ кьэс дунейр нэхъыфІ хьуурэ кІуащ.

Зэрыбыным, псом хуэмыдэу щІалэхэм, дгъэ?та гъэсэныгъэмрэ хьэл-щэнымрэ я пьабжьэр нэхъыбэу зыгъэтІыльар ди адэшхуэращ. Ар егъэлеяуэ ткІийт, и лъэпкъ рэ и унагъуэрэ я пщІэм мыхьэнэшхуэ езыт цІыхут. Ди гуащІэм, кьарум кьымыІаа гуэр зэтхьэлІэуи кьэдгъэхьэрычэтуи зэридзэн щІэтэкъым, ар зы баш фІэкІа мыхъуми. Зэи кьытхундакъым ди щхьэ дыщІытхъужу, ди ехьэлІэныгъэхэм дытепсэльхьу. «А фІыр кьызжрыраІэ фи егъэджакІуэхэм е фи ныбжьэгъуэхэм», - пиупщІырт абы. ДыщепсалъэкІэ и нэм дыщІэпльэрт, ди гум иль пэжым фІэкІа нэгъуэщІ фэрыщІагъэхэр дымыІуэтэным сыт щыгъун дыкьыхуриджэрт. «Дэтхэнэми жэуап ихьын хуейщ и Іэдакъэщ1экІым папщІэ». А Іуэхуэр щыІэфІэпхьфакІэ, а блэжьамкІэ уэ уажэуаптакІуэщи, лІыгъэ зыхэгъэзэ абыкІэ. Хьэуэ жьыпІэр, пхуЛэмыкІынурэ - уи пІэ нс-, - диущиірт быныр адэшхуэм. Иджыри дысабийуэ, дэ кьыдгурыІуакІэт фІымрэ Іеймрэ зищІысыр, пэжымрэ пщІымрэ я щытыкІэр, пІэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ я кьэрур.

Зэман дэкІауэ, си кьуажэгъуэм мызэ-мытІэу жаІэу зэхэсхащ: «Сыту ещхьыщІи и адэшхуэм и дуней тетыкІам». Сэ зыхэсщІэртэкъым абы зыгуэркІэ зезгъэщхьу - ар псэукІэ мардэ схуэхъуауэ арат.

Ди адэшхуэм кьызита дерсхэр адэкІэ гъащІэм зэкьым-тІэуэкьым сабэп кьызэрыщыкъсхуэхьужар, дунейр зи зэхуэдитІ щІалэгъуэ ныбжьым сыщитами, щІыналъэпсо мыхьэнэ зиІэ кьэрал унафэ пыуХыкІаХэр кьэсщтэн хуейуэ кьыщысхунхуа ЛыпІэ пъэхъэнэми.

**- Сэ сыщыгъуаззэщ уэ кьулыкъущхькъуэ зэи узэрыщымытам, итІанэ пасэ дыдэу кьыпхуагъэфэщащ жэуаплныгъэ зыпыльъ Іэнатіэхэр. Дзэлыкъуэ куейм 60 гъэхэм игъуэта зыужьныгъэ льагэр уи щІэм ноби ирапх а щІыналъэм щыпсэухэм, уи псэ хьэлэл пэжыгъэм папщІэ фІыщІэ къыпхуащІу, кьыпхуэарзэныуэ. А льэхьэнэм укьытхутепсэльыкьхьамэ, ди гуапэ хъунут, Мусэ.**

- Пасэу лэжьэн щІэздзащ сэ. Школ нэужьым райисполкомым культпросвет лэжьыгъэмкІэ и кьудамэм и инспектор нэхъыжьу сагъэуващ, мазиплІ нэхъ дэмыкІыу, 1950 гъэм, комсомолым и куей зэгуэхэныгъэм и етІуанэ секретару сыхахащ. Апхуэдэу сыхьыхьащ гъащІэм и зэрыпІэм, тэмэму Іуэху зэфІэпхьныр, абы утемыкІыкІыхьыжу цІыхухэм я пащхьэ ипхьэныр зэрымытышыри зэуэ кьызгурыІуащ. Ауэ къаІэзэ кьысщащІа щэжьыгъэхэм хуабжьу сыдахьэхьрти, ди пщэрыпъхэр мыІейуэ кьыдэхъупІэрт. Абы ди льэр нэхъри жан ищІу дылажьэрт, щІалэгъуаэр Іуэхуфіхэм тедгъэгушхуэрэ щІэныгъэм уеблэпІекІу щегъэгъуэтыным дыхущІэкъуэ.

Апхуэдиз лэжьыгъэм хуэкІуэн щІэнысгъэ зэрызбгъэдэмыльтыныгъэмкІэ и комитетым и Іэтащхьэ. Абдеж щІэщІащІэ Іуэхум езыр кууэ зэрегупсысар икІи апхуэдэу зэрынэхъыфІыр. Дзэлыкъуэдэсхэм фІыщІэшхуэ яхузиІэу сыкъыщдэкІащ а щІыпІэм. Дапщэщи жьзоІэ: сэ гъащІэм зыгуэр кьыщыхэхуліамэ, льагапІэ гуэрхэм сынэсыфамэ, цІыхухэм зыгуэркІэ сэбэп сахуэхъуфамэ, псом япэ ар зи фІыгъэр сыщалъхуа щІынныльэм и щІыхуэхрщ, гугъуехьми лэжьыгъэми зэи кьапимыкІуэт ди дзэлыкъуэдэсхэрщ.

Мэлбахьэуэм кьысхуигъэльэгъуа Іэнатіэр зэманкІэ есхьэкІа нерэхьэ, лІыщІыгъуэ блэкІам и 70 гъэхэм сэ сыщытащ КъБАССР-м Цыхубэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ и комитетым и Іэтащхьэ. Абдеж ар щитащ щыхьэ цІыхум и лжьыгъэмкІэ ихь жэуаплныгъэр, псоми зэдайуэ щыт мылькур хъумэныр. Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэ куэдым дыхэплъащ а зэманым. Дэ кьыщдалэкъэрт штатым хэмыт Іэщ1агъэлІэхэр. Іуэхущ1апІэхэм кьэпщытэныгъэ лэжьыгъэ щыщдгъэкІуэкІкІэ, ахэр ди гъусэу кьыздэтажьэрт, дэ тІщІыгъуэ унафэхэри кьащтэрт. Іэнатіэхэм я унафэщІхэм хуабжьу я жагъуэт ди комитетым и тэуэ зыкьыщІагъэхуэн. Уеблэмэ куэдым нэхъ кьащтэрт партыйм и райкомым и бюрохэм кьащытепсэтъыхьмэ, дэ едгъэкІуэкІ кІэлъплъныгъэм щІэт нэхъыр.

1983 гъэм и щІышылэ мазэм кьыщыщІэдзауэ 1988 гъэм и щэкІуэгъуэ пщІондэ КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и Унафэщ1у сыщытащ. Мэлбахьэр ди пашэращ. Іэпхъэ зэрыпльэхэм республикэм Іуэхугъуэфі куэд щызэфІэха хьуауэ щытащ. Мэлбахьэу Тимборэ и кьулыкъым текІа нэужь, республикэм щыщІэ жылагъуэ-политикэ щытыкІэм зэхъуэкІныныгъэшхуэхэр игъуэтащ, ищхьэкІэ кьытет кьэрал власти нэгъуэщІныгъэ кьыдэплъ хьуащ, дзыхь кьытхуамыщІу, ди дэтхэнэ зэпхущхьэр тКІийуэ кьапщытэу. КПСС-м и обкомымрэ Правительствэмрэ кьыхуагъэльагъуэ кьалэнэхэмрэ иратэ мыхьэнэмрэ схуэзыгъэшІыныкІэ Іэмал иІэтэкъым.

*(КІэухыр 5-нэ нап.).*

**Маршал Москаленкэ Кирилл КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и зыгъэпсэхупІэм щохьэщІэ.** *1984 гъэ*

**СССР-м и космонавт Шаталов Владимиррэ абы и щхьэгъуэмрэ кьэфакІуэ ныбжьыщІэхэм яІоущІэ.** *Дзэлыкъуэкъуажэ, 1968 гъэ*

**Дирижер цІэрыІуэхэу Темыркъанхэ Юрэрэ Борисрэ я гъусэу Налшык паркым итщ.** *2008 гъэ*

# Си напэм зэи сепцIыжакъым

*(КIэухыр. ПэщIыдзэр 4-нз нап.)*

Дауи, си пщIэмрэ нэмысмрэ сIыгГыжкт, ауэ ар си дежкIэ мащIэЫэт. Апхуэдэ щытыкIэм упэщIэувэну, бэнэныгГъ нэс дебГъэкIуэкIыну мыхьэнэ гъэпкъ нIэтэкъым. Абы и мызакъуэу, щыIэтэкъым ар къыбдэзыIыгГыН, зи дамэпкъ къыпщIэзыгГэкъуэн. Зи закъуэ Iуэху къепхьажьэныр хуэдэт жьы щхьэпэр къзбгъуэвыIэфын мурадым: зыри кынкIынутэкъым. Хьунут зызгъэшрэ жалэм седIаIуэ сылажьэ, итIанэ си Iуэху дэкIынт, къулыкъу гъаГэри къыхсухэнэнут. Ар схуГъэкIынугъкъым - си напэм сепцIыжауэ, си щхьэ пщIэ хуэмыщIыжу сыпсэуфынутэкъым итIанэ. Абы къыхэкIыу КПСС-м и бюром и зэхуэсым щыжьыслаУэ щытащ си Iуэху епГыкIэр икIи къулыкъур къыздэрызГъанэмкIэ пэлъ гупым сазэрыхэмытынур. Апхуэдэуи жьыслащ республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI къалэнри къызэрызГъанэр икIи зэГущIэм сыкъыщIэкIыжащ. Абы и ужькIэ Совет Нэхъыщхьэр зэ зэхуэсыжауэ аращ: зэбграугГыпщIыкIащ. Ялбзыхуа гупыр зэлэжьыпхъэу жьлхуаIа дэфтэрхэр итэкIэ яГэхьэзыраУэ республикэм и унафэщIым и Администрацэм деж щIэлъкIэт куэд щIауэ. Си апхуэдэ политикэ джэгухэм сыхэтыну си напэ тезгъэхуэфынутэкъым. Апхуэдэу абы щыгГуэми си Iуэхур хъуауэ щытащ.

А псори си тхьылъым щыIэтхьжауэ щытащ нужькIэ. Уи гум кьимыщIэ Iуэху щызэхьэм деж, бжэр ебдзыIэу укъыщIэжьжьныр тыншщ. Iуэхур тэрэз зэрумыщIыфам щхьэкIэ уи гум, уи псэм псэхугъуэ къэзэрымытыр - мис ар куэдкIэ нэхъ гугъущ. ИтIанэ, псом нэхъыр нэхъыщхьэр уи напэм уХуэпэжу, фитIинагъэ пхэмыльу упсуфырщ. А дуней тетыкIэр ди адэжьхъэм къащIэна щIэнн лъапIэщ.

**- Мусэ, уи Iуэху епльыкIэхэр къэбгъэлъэгъуащ Къэнжал зауэм теухуауэ республикэм зэдауэхэр щыщекIуэкIами, жьыджру уХэтщ щIым ехьэлIа Iуэхугъуэ къинжхэр тэрэз щIынми. Республикэм къыщыхъуу - къыщыщIэхъуэ гъэныкъуэсгъэзу яхущымыт уэ уи Iуэху дэкIыу ехьулIэныгъэхэмрэ текIуэныгъэхэмрэ ущибэми, гугъу уехьу лъэпощхьэпохэмрэ мыхъумыщIагъэу ильагъуэхэмрэ ущыщпэщIэувэми - дапщэщи быдапIэ лъэщу уи щIыбагъ къыдэтщ уи унагъэу дахэр. Абы исхэр нэхъ гъунэгъуу дыдэхэр щIыхуанэ арат.**

- 1956 гъэм унагъуэ сыхъуащ. Си щхьэгъусэ Майе Къардэнэх япхъущ. И IэщагъэкIэ химикщ. Курыт школым куэдрэ щригъэджащ, нужькIэ КъБКъУ-м щыIащ. Бынищ зэдэгупIащ: Мадинэ, Валерэ, Мурат сымэ. Псоми щIэныгГэ нэхъыщхьэ, IэщагГэ ядгГэгъуэтащ. Ди щIалэ нэхъыжьыр илъэс бжыгГэ и пэкIэ гуузу дунейм ехьажащ: машинэ зэмъэхэуэм зэкIуэдащ. Абы къыщIэнауэ щIалэ хэкарзынитI диIэщ, Тхьэм и шыкуркIэ. Мыдрей ди бынитIри унагъуэщ, щIэблэ дахэкIэ къытхуэзгъасащ. Абыхъэм тхуаГъэдахэ анэшхуэ-адэшхуэм ди гъащIэр, я ехъулIэныгъэм дыщыгуфIыкIыу, ди пльэр жан ящIу. Ахэр ди адэшхуэм дызэригГъэсам хуэдэу зэрызушиним сыхущIокIу сэри. ЦIыхур и лъэпкъымрэ и щIэмрэ ятемыукIытыхьу, пагагъ хэлъу ахэр къыжьэдэкIыфу щытын хуейщ. ЩIэблэм къажуГбгъэнфыну щIэнн нэхъ пIапIэ дыдэхэм ящIащ ахэр: уи гупсысэхэр, IуэхущIафэхэр, узэрыгушхуэ, узэрыпагэ уи псэкIыр.

**- Уисэу, Мусэ, Уэ уи быным, абыхъэм я щIэблэм уаззрыхуэупсэ акъыл щIэнныр, гупсысэхэр, уи IэдакъущIэкIхэр республикэ псор зэрыгушхуэщ, абы и тхьдэм мыхьэнщхуэ щыснIэщ.**

*Епсэльар*
**ЖЫЛАСЭ Маритэщ.**

Мусэ и адэ Ильяс. *1938 гъэ*

Мусэ и анэ Дышэху (Гуащэдинэ). *1931 гъэ*

И анэшхуэ Нэхушыр. *1956 гъэ*

И къуэ Валерэ. *1995 гъэ*

Москва дэт къэрал университетым и студентКэ Дохъущокъуэ Мадинэ Мусэ и пхъур. *1977 гъэ*

Ипхъу Мадинэ, и къуэрылъху-пхъурылъхуэху Алимрэ Аслъэнрэ я гъусэу.


Iуащхьэмахуэ пъапэ. *1985 гъэ*

Мусэрэ абы и щхьэгъусэ Майерэ Сочэ зыщагъэнсэху. *1963 гъэ*

● Гъуэзджэ

# Гъэсэныгъэ нэсым гулъытэ хэха хуащI

**Мечневым и цIэр зезыхъэ ныбжьыщIэхэм я библиотекэм щекIуэкIа зэIущIэр арат зытеуухуар.**

IУЭХУЩIапIэм и унафэщI **Батькъыз Майе** зэхьихьэр къыщыгъуныхьам, и псалъэм пэуIэтэ хуэхъуар щIыхьэхуэса Iуэхур нобэрей зэманым зэпIэдзкIэжьымрэ щэнхабзэр зэгурыIуэм, зэрыльытэм я къежьапIэу зэрыщытымрэщ. Абы къыхигъэщащ щэнхабзэм, гъуэзджьм, дахагъэм дихьэххэм я псэр куэдкIэ зэрынэхьхъулейр, гуапагъэрэ псэ кьабзагъэрэ зэрадэпIагъэр.

КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Темыркъан Геннадий** жиIащ хуэфащэ пщIэ нобэ къэралым зыхуимыщI щэнхабзэр зэпыт ящ зэригъэщIапхъэр, абы пэIэщIэу псэу щIыхуэзр пщэдейрей махуэм, къэралым и къэкIуэм пэмыжьыжь зэрыхъур, нэхъыщхьэм хуэдэу, щIэблэр щыщIыкIум щегъэжьауэ театрым, музейм дегъэхъэхьан зэрыхуейр. Щэнхабзэм зезымыгъэужьу кьиIытэ Iуэхугъуэхэмэ Темыркъаным кьыдэхуэсахэм и гугъу яхуиIащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, КъБР-м и Парламентым и депутатхэм щэнхабзэм теухуа республикэм и законыр къыщащтэн хуей пIалъэр къыщыскIэ, абы хэлэжьыхьыжьпхъэу кьыдэратыгГэр икIи зэрагъэIэпхъуэм и ЩэранкIэ нобэр кьыздэсым щэнхабзэм теухуа унафэ республикэм зэримыIэр.

КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарь **Сындыку Нелли** республикэм гъуэзджь зэхьихьэгъэ щIэх-щIэхьуэ кьыдэрыщыдзэрагъэпэщым щытепсэлъыхьым, кьыхигъэщащ сурэтыщI гъуэззджьэху Сэвкlуий Iсият, Горлов Михаил сымэ я дэжьыгГэхэм я гъэпэгъэныгъэхэр кьыдэрыдзIаха.

- Ди зэгухьэныгГэхэм хэт сурэтыщIхэр лъэпкъ зэмылIэужьыгГуэхэм кьыхэкIащ. IуэрыIуатэм, хабзэм, щIыуэпсым, нэгъуэщIхэм теухуа я гупсысэхэр жанр зэмылIэужьыгГуэхэм кьыщагъэльагГуэ, - жиIащ Сындыкуэм. - Сурэтыщ1хэм я гъжьыгГэхэм зыхуэзыгГэхэр цIыхухэм псэгъэгуфIэ-дахагъэрэ гуапагъэу яхэлъым нэхъри зеуэзащI.

Гъуэзджэр зэи жьы зэрымыхъум, абы и бзэр дэтхэнэ зыми кьыдэрыгурыIуэм, сыт хуэдэ зэманми зэрыдекIуэм и гугъу ящIу кьэпсэльащ Урысеймэ и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм хэт **Жыдэ Анатолэ.** Абы жиIащ республикэм и щэнхабзэр, гъуэзджь зэхьихьэхэм цIыхухэр зэрыдзэкъунгъуэувэр, я гукъыдэжьымрэ дзэрэжэгъуэмрэ зэрыхагъахъуэм папщIэ гукъинэжь зэрыхъур.

НыбжьыщIэхэм я библиотекэм и кьудамэм и унафэщI **Подгорная Ирина** псалъэмакъым пишу кьыхигГэщащ зэхьихьэ, зэIущIэ зэхуэмыдзэкIэ щекIуэкI библиотекэр зэрылъытэм и хэщIапIэу зэрыщытыр.

- Тхыдэм, щэнхабзэм, хабзэм, диным, нэгъуэщI унэтIныгъэхэм теухуауэ щIалэгъуалэм яIэ щIэныгГэм щыхагъахьуэ библиотекэр я кIуапIэщ. Лъэпкъ зэмылIужьыгГуэхэм къахэкIауэ мыбы кьекIуапIэ ныбжьыщIэхэм яку зэрыльытэ, зэгурыIуэ, пщIэ дэпъуэ Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэм дгъэсэну ди кьалэнщ, - жиIащ Подгорнэм. - Гъуэзджьм, щэнхабзэм, литературэм, щIэныгГэм хэлъхьанэгъэфI хуэзыщIапхъэм ятеуухуауэ библиотекэм щIэх-щIэхьуэ зэхьихьэгъэпэщ пшыхьхъэм, зэпеуэхэм, фестивалхэм, театр гъэпэгъуэныгъэхэм, зэхьихьэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ. КьыщынэмыщIауэ, ильэсым и кIуэцIкIэ семинархэр, тхыльхэм, кинохэм я пъэгъэгъэныгъэхэр, нэгъуэщI зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр щыдгоГэкIуэкI. ЩIэблэм гъэщIэн къащыхуэщхьэпэн, я щIэныгГэм, къэухым, щэнхабзэм зезыгГэужьыщ а псорм.

«Полиграфсервис и Т» тхыльыр тедзапIэм и унафэщI, гъаехутэ **Котляровэ Марие** нэхъыбэу зытригъэщIар республикэм и щэнхабзэмрэ гъуэзджьмрэ кьэгъэзыщIауэ зэрыгуеийрщ. Ди щIыналъэм нсхэм щэнхабзэ щIэинкэм хуэфащэ пщIэ зэрыхуамыщIым, я унагъуэм илъэр зэрамыхьмэм, уеблэмэ, ахэр мылъкукIэ зэращэжьам арэзы зэрытемыхъуэр, лъэпкъым кьыдекIуэкI щэнхабзэ хъугъуэфIыгГуэр хъумэным теухуа программэ республикэм зэрыщымыплажьэр ибзыщIакъым. Котляровэм кьыхигъэщащ хабзэм зауэщIыныгъэ псэ кьулей яIэу къэгъуэгурыкIуэныжьмкIэ тхыльыр Iэмалыфу зэрыщытыр.

- ЩIэблэм щIэныгГэ яIэу, щэнхабзэр, гъуэзджьр я Iэпэгъуу, гъэсэныгГэ яхэлъу щытын хуейщ. Республикэм и блэкIамрэ и нобэмрэ я хъумапIэ музейр ныбжьыщIэхэм зыкъомкIэ яхуэщхьэпэнщ, дахагъэр зыхащIэу, лъэпкъ тхыдэм щыгъуазэу къэхъуныжьмкIэ. Абы щыIэзэхъэсащ ди суратыщIхэм я лъэныгГэ телъытдзэхэр. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Мазлю Руслан и арджэнхэр, лъэпкъым ныкъыкIэкI хьэпшыпхэр, Iэщэ-фэщэхэр, нэгъуэщIхэри, - жиIащ Iъэпкъ музейм и унафэщI, тхыдэ щIэныгГэхэм я кандидат **Накуэ Феликс.** - ЩIэблэм щэнхабзэмрэ гъуэзджьмрэ щызыхащIэнуу, гъэсэныгГэ нэс щагъуэтынур къэралым щэнхабзэм, абы и цIыхухэм хуэфащэ гупытэ, пщIэ хуищIмэщ.

ЗэIуцIэм кьыщыпсэльащ филологие щIэныгГэхэм я доктор **Алъхъэс Светланэ**, КъБР-м жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэмкIэ и къэрал комитетым и ЩIэщагъэлI **Мэлбахъуэ Андэ** сымэ, нэгъуэщIхэри.

**БЖЬЫХЬЭ/П Роэз.**

# Сыт карвингыр зищIысыр?

**Махуэшхуэ Iэнэр екIуу, гъэщIэгъуэну, уи гурыIупсри кьигъажэу бгъэщIэрэщIэныр - ар гъуэзджэм и зы лIэужьыгъуэщ. Апхуэдэ пхуэзэIэкIын щхьэкIэ я Iуэхум гуздзакъэ ухуиIэн хуейщ, уфIэгъэщIэгъуэну, удихьэхьу щытыпхъэщ.**

КАРВИНГ гъуэзджэр - пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ теплъэ гъэщIэгъуэнкIэ кьыхэбзыкIынкIэ - гъэщIэжьам Къуэкlыпlэрщ, абы щыпсэу пlэлпкъхэм къадэгъэгурыкIуэ хабзэ зэрыхъурэ куэд щIащ. Ди республикэм абы идкIыри тхыдэшхуэ щIиэкъым, ауэ илъэс къэсхуэкIэ нэхъ цIэрыIуэ мэхуэ, дихьэххэм я бжьгъэм кьыхохуэ. Абыхэм ящIщ зыщ Карначевэ Наталье.

Ар иужьрей илъэс 20-м Америкэм щыпсэуащ. А къэралым карвингым гулъытэ ин щыхуащI, зы махуэшхуэ Iэни ущрихьэлIэжькъым пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ Къуэкlыпlэрщ, абы щыпсэу пlэлпкъхэм къадэгъэгурыкIуэ хабзэ зэрыхъурэ куэд щIащ. Ди республикэм абы идкIыри тхыдэшхуэ щIиэкъым, ауэ илъэс къэсхуэкIэ нэхъ цIэрыIуэ мэхуэу, дихьэххэм я бжьгъэм кьыхохуэ. Абыхэм ящIщ зыщ Карначевэ Наталье.

Сурэт щIыным сыт щыгъуи дихьэхыу щытат Наталье, ауэ зэрыхуейм хуэдэу кьемыхьуIэу кьыпытэри, ар зэпэдгъэзэлэл индщIыжат. Иджы и зэфIэкIыр щегъэунэху пщэфIапIэм. Холстым и пIэкIэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ кьегъэсэбэп, краскэмрэ кистымрэ сэ зэмылIэужьыгГуэхэм яхъэуэж.

Псэущхьэ гуэрым е хьэпшыпым и теплъэ шхыным кьыхэпщIыкIыныр, сурэтми хуэдэ дыдэу, гугъущ, сыхьэт бжьгъэкIэ убгъэдэсын хуейщ. Наталье зэрылажьэм укIэлыпlэныну гухэхъущ: Псалъэм папщIэ, нуазэткэ сэ Iэпхъыпхъуэр Iэкlуэлъакlуэу егъабзэри, зы дакъикьэм нащэм ику щабэм жьзым Iэрамэм и теплъэ егъуэт. Хадэхэкlхэр зэратхъунщI сэм кьэзэрыгуэкI пхъыр - роэз дахэ, щыбжий сырыр - шыкlуртым, кlэртlофыр - удз гъэгъа, нащэмрэ мы1эрысэмрэ - тхьэмпIэ зэмыфэгъу ещI. Наталье апхуэдизкIэ Iэкlуэлъакlуэщи, хуэмыщIын щымы1эу, абы щыгГуэми зи ужь итым гугъуехь лъэпкъ пымы1ъу къыпщохьу, зумыу1эжьм щхьэкIэ набдзэгубдзапIъэу икIи Iэрыхуэу ущытыну Iэщlагъэм къыпхуигГэуэ езым жи1эми.

Абы и Iэщlагъэм хэзыщIыкIхэм Карначевэр ирагъэблэгъащ Къэбэрдейр Урысеймэ зэрыгухьэрэ илъэс 455-рэ зэрикъуэрэ ди республикэм и Къэралыгъуэр щагъэпIапIэмрэ хэтыну. Абхъазым и утым щагГэуэва пщIантIэкъым ящIыщу Аруан районым ейр игъэдохащ абы. Хьарбызым, къэбыстэм кьыхищIыкIа удз гъэгъа дахащэхэр, нэгъуэщIэри кьыщащтэм, ар зи унэ зыихьэм ящIыщ зыри егупсыса кьыщIэкIынкъым абы зэману ихьымрэ зэрыгугГуэхьымрэ, нэр зэригъэгуфIэмрэ псэр зэрихьэхумрэ фIэкIа. КьыхэзгъэщIхъущ Карначевэ Наталье и Iэдакъэщ1экIхэм зы ныкъусаныгъэ зэрэIэр - уеплъу куэдрэ ущысыфырыкьым, апхуэдизкIэ гурыIупсыр кьагГажэри!

**СОКЪУР Риммэ.**
*Аруан район.*

# Си напэм зэи сепцIыжакъым

*(КIэухыр. ПэщIыдзэр 4-нз нап.)*

Дауи, си пщIэмрэ нэмысмрэ сIыгГыжкт, ауэ ар си дежкIэ мащIэЫэт. Апхуэдэ щытыкIэм упэщIэувэну, бэнэныгГъ нэс дебГъэкIуэкIыну мыхьэнэ гъэпкъ нIэтэкъым. Абы и мызакъуэу, щыIэтэкъым ар къыбдэзыIыгГыН, зи дамэпкъ къыпщIэзыгГэкъуэн. Зи закъуэ Iуэху къепхьажьэныр хуэдэт жьы щхьэпэр къзбгъуэвыIэфын мурадым: зыри кынкIынутэкъым. Хьунут зызгъэшрэ жалэм седIаIуэ сылажьэ, итIанэ си Iуэху дэкIынт, къулыкъу гъаГэри къыхсухэнэнут. Ар схуГъэкIынугъкъым - си напэм сепцIыжауэ, си щхьэ пщIэ хуэмыщIыжу сыпсэуфынутэкъым итIанэ. Абы къыхэкIыу КПСС-м и бюром и зэхуэсым щыжьыслаУэ щытащ си Iуэху епльыкIэр икIи къулыкъур къыздэрызГъанэмкIэ пэлъ гупым сазэрыхэмытынур. Апхуэдэуи жьыслащ республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI къалэнри къызэрызГъанэр икIи зэГущIэм сыкъыщIэкIыжащ. Абы и ужькIэ Совет Нэхъыщхьэр зэ зэхуэсыжауэ аращ: зэбграугГыпщIыкIащ. Ялбзыхуа гупыр зэлэжьыпхъэу жьлхуаIа дэфтэрхэр итэкIэ яГэхьэзыраУэ республикэм и унафэщIым и Администрацэм деж щIэлъкIэт куэд щIауэ. Си апхуэдэ политикэ джэгухэм сыхэтыну си напэ тезгъэхуэфынутэкъым. Апхуэдэу абы щыгГуэми си Iуэхур хъуауэ щытащ.

А псори си тхьылъым щыIэтхьжауэ щытащ нужькIэ. Уи гум кьимыщIэ Iуэху щызэхьэм деж, бжэр ебдзыIэу укъыщIэжьжьныр тыншщ. Iуэхур тэрэз зэрумыщIыфам щхьэкIэ уи гум, уи псэм псэхугъуэ къэзэрымытыр - мис ар куэдкIэ нэхъ гугъущ. ИтIанэ, псом нэхъыр нэхъыщхьэр уи напэм уХуэпэжу, фитIинагъэ пхэмыльу упсуфырщ. А дуней тетыкIэр ди адэжьхъэм къащIэна щIэнн лъапIэщ.

**- Мусэ, уи Iуэху епльыкIэхэр къэбгъэлъэгъуащ Къэнжал зауэм теухуауэ республикэм зэдауэхэр щыщекIуэкIами, жьыджру уХэтщ щIым ехьэлIа Iуэхугъуэ къинжхэр тэрэз щIынми. Республикэм къыщыхъуу - къыщыщIэхъуэ гъэныкъуэсгъэзу яхущымыт уэ уи Iуэху дэкIыу ехьулIэныгъэхэмрэ текIуэныгъэхэмрэ ущибэми, гугъу уехьу лъэпощхьэпохэмрэ мыхьумыщIагъэу ильагъуэхэмрэ ущыщпэщIэувэми - дапщэщи быдапIэ лъэщу уи щIыбагъ къыдэтщ уи унагъэу дахэр. Абы исхэр нэхъ гъунэгъуу дыдэхэр щIыхуанэ арат.**

- 1956 гъэм унагъуэ сыхъуащ. Си щхьэгъусэ Майе Къардэнэх япхъущ. И IэщагъэкIэ химикщ. Курыт школым куэдрэ щригъэджащ, нужькIэ КъБКъУ-м щыIащ. Бынищ зэдэгупIащ: Мадинэ, Валерэ, Мурат сымэ. Псоми щIэныгГэ нэхъыщхьэ, IэщагГэ ядгГэгъуэтащ. Ди щIалэ нэхъыжьыр илъэс бжыгГэ и пэкIэ гуузу дунейм ехьажащ: машинэ зэмъэхэуэм зэкIуэдащ. Абы къыщIэнауэ щIалэ хэкарзынитI диIэщ, Тхьэм и шыкуркIэ. Мыдрей ди бынитIри унагъуэщ, щIэблэ дахэкIэ къытхуэзгъасащ. Абыхъэм тхуаГъэдахэ анэшхуэ-адэшхуэм ди гъащIэр, я ехъулIэныгъэм дыщыгуфIыкIыу, ди пльэр жан ящIу. Ахэр ди адэшхуэм дызэригГъэсам хуэдэу зэрызушиним сыхущIокIу сэри. ЦIыхур и лъэпкъымрэ и щIэмрэ ятемыукIытыхьу, пагагъ хэлъу ахэр къыжьэдэкIыфу щытын хуейщ. ЩIэблэм къажуГбгъэнфыну щIэнн нэхъ пIапIэ дыдэхэм ящIащ ахэр: уи гупсысэхэр, IуэхущIафэхэр, узэрыгушхуэ, узэрыпагэ уи псэкIыр.

**- Уисэу, Мусэ, Уэ уи быным, абыхъэм я щIэблэм уаззрыхуэупсэ акъыл щIэнныр, гупсысэхэр, уи IэдакъущIэкIхэр республикэ псор зэрыгушхуэщ, абы и тхьдэм мыхьэнщхуэ щыснIэщ.**

*Епсэльар*
**ЖЫЛАСЭ Маритэщ.**

# Псэ къабзагъэм и щапхъэ

**Си тхыгъэ кIэщIым фIэщыгъэщIэ хуэсщэ псалъэхэмкIэ Дохъущокъуэ Мусэ и дуней тетыкIэ мардэхэр кьигъэльэгъуауэ щытащ дуней псом щыщIэрыIуэ Темыркъан Юрэ. А псалъэхэр си гум кьыдридзэжащ мы махуэхэм, щыхуэ щэджащэ, ди республикэм и зэIуэпэщынигъэм, зыужьыныгъэм хэлъхьанэгъэ ин хуэзыщIа Дохъущокъуэм и ныбжьыр ильэс 80 щрикъум.**

ГЪЭСЭНЫГЪЭ нэсымрэ щэнхабзэ лъагэмрэ я гъунапкъэхэм зэи имыкIыжуц Дохъущокъуэр. А политик Iущым, жылагъуэ лэжьакIуэхэм и гъащIэ гъуэгур уи нэгум кьыщIоувэ, абы ехьэлIауэ КъБР-м и Архив кьулыкъущапIэм иджырей тхыдэмкIэ и центрым и управленэм щIэль дэфтэрхэм я напэкIуэцIхэм ущрипльэкIэ, Мусэ хэль зэпIэзэрыгъагъэм, псэ кьабзагъэм я лъабжьэр кьыщожьэ, дауи, ар кьызыхэкIа унагъуэм. И ныбжькIэ ар хиубыдащ ди республикэм и «дыщэ» щIэблэр щызэфIэува лъэхъэнэм. Щэч хэмылъу, Дохъущокъуэр езыр а щапхъэхэм ящIащ.

Сыт хуэдэ къэрал кьулыкъу лъагэ имыIыгъами, кьалэныщхуэхэр пщэрылъ кьыщамыщIами, зэи кьэхъуакъым абы и хьэл-щэм зыщIихьуэжа, ямылей пагагъэрэ зыкъыфIэщIыжьныгъэрэ щыхэпIа. Аращ ар цIыхубэм гукIи псэйи ятеГъунэгъуу кьыщIэгъуэгурыкIуэр, къэрал лIыщIэхэм кьыхэзгъэгъуэжьакIуэжьми зэхуэдэ пщIэ яхуищIу щIыщIар. Дохъущокъуэм и дэфтэрхэм кьыззэрыхьщымкIэ, абы и дежкIэ гъащIэм щынэхьыщхьэ дыдэр пэжьмрэ захуагъэмрэщ. Пэжьм и тельхьэу псэу а цIыху щэджащэм ахэращ еэым и гъащIэ джэлэсыр ноби. А псор кьызыхэщ гъэльэгъуэныгГэ кьыщыIэздгъэпэщащ ди дэфтэр хьуманIэм.

Дохъущокъуэм и уней фонду ди архивым щытхъуэм кьызэщIеубыдэ дэфтэр зэхуэмыдэ 50-м нэс. Абыхэм яхэлIащ Дохъущокъуэм и кьалэмыпIэм кьыпыкIа тхылъхэр, тхыгГэ щхьэхуэхэр, зэIущIэ зэхуэмыдэхэм кьыщипсэльахэр, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгГуэхэм триуху гупсысэхэр. Апхуэдэу фондыр кьулейщ сурэтхэмкIэ. Абыхэм Мусэ щыбольагъэу ныбжьыщIэуи щIалэгъуэ ныбжьым итуи, лIыпIэ нувауи гъащIэм и щэху псоми щыгГуаэз лIыщхьэуи. Хэльщ сурэт куэд и ныбжьэгъуэхэм, лэжьэгъуэхэм, парт, къэрал кьулыкъущIэхэм я гъусэу, и щхьэгъусэ екIумрэ унагъуэ дахэмрэ яхэту, нэгъуэщIхэри.

Иджыблагъэ Дохъущокъуэм архивым иджырри кьыритащ и уней дэфтэр зыбжанэ. Абыхэм яхэлIу и гупсысэ кIэщIхэр, ди дежкIэ философие мыхьэнэшхуэ зиIэхэр, зэрыт блокнотхэр, Iуэхугъуэ зэхуэмыдзэхэм ятещIыхьауэ гъэпса зыхуэгъэзэныгъэхэр, псэгъэльэныгъэхэр, и тхылъхэм я Iэрытххэр.

Зи гугъу ещIы дэфтэрхэр ди архивыр нэхъ кьулей, купщIафIэ зыщIхэм ящIыщ. Дохъущокъуэм и фондыр хуабжьу яхуэщхьэпэнщ ди республикэм и тхыдэр зэрыщIэхъуакIуэхэм, щэныгъэлIхэм. Абыхэм япкърыпльэ гупсысэ куукъэмрэ акъыл лъагэмрэ зэлъпкъым и хъугъэфIыгъуэхэм ящIащ.

Юбилярым дохъуэхъу кьыщыдальуа махуэмкIэ. УзышагаГъ быдэ и IэУ, щIэблэм я щапхъэу куэдрэ псэуну ди гуапэщ.

**АЩХЪУЭТ Рамсэ,**
*КъБР-м и Архив кьулыкъущапIэм иджырей тхыдэмкIэ и центрым и управленэм и унафэщI.*

# Жэуаплыныгъэр зыхэзыщIэ

Мы махуэхэм и ныбжьыр ильэс 80 ирикъущ жылагъуэ лэжьакIуэ щIэрыIуэ, политик лъэщ Дохъущокъуэ Мусэ Ильяс и къуэм. ЩIыналъэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа цIыху щэджащэщ Дохъущокъуэр. Абы и илъэс 80-м я щIыбагъ кьыдэлъщ лэжьыгъэшхуэкIэ гъэнщIа лъэхъэнэ псо.

ДОХЪУЩОКЪУЭМ и гъащIэ псор Хэкум, абы и цIыхухэм кьыхуэлъу пэж икIи хъэлэл хуэщIэным и щапхъэ наIуэщ. Абы и цIэм, зэфIиха Iуэхушхуэхэм, хэль жэуаплыныгъэмрэ жьыжь пльэфу зэрыщытымрэ ирапх ди республикэм зэман блэкIам зыIэригъэхьауэ щыта, къэралпсо мыхьэнэ зиIа екъулIэныгъэ куэд. КПСС-м и Дзэлыкъуэ райкомым и япэ секретарь къулыкъуэм дзэ щегъэжьауэ КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и Унафэщ1 гъуэгуанэ купщIафIэр къэзыкIуа IэщIагъэлI щыпкъэм зэфIэкI къыщигъэльэгъуащ къэрал Iэнатlэхэм, жылагъуэ Iуэхухэм, нэгъуэщIхэми. ГъащIэм жыджэру хэт цIыхущ Дохъущокъуэр. Ар дапщэщи набдзэгубдзапльэу яхущытащ цIыхухэм, ахэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр зэхэщIыкIыу. Лэжьигъэм хуиIэ зыщIыдэжьам, жэуаплныгГэ зыхищIэу абы зэрыпэрытым, пэжьмрэ захуагъэмрэ я тельхьэрэ хьэл-щэныфIэу зэрыщытым абы кьыхуахьащ кьыдэлажьэхэм, республикэм и жылагъэ псом я пщIэрэ щIыхьэр.

ПщIэхуэу зыхуэтщI Мусэ Ильяс и къуэ! Уи махуэ лъапIэмкIэ ди гуапэу дынохъуэхъу узышагаГъ уиIэу, насыпрэ зэпщыныгъэрэ ущымыщIэу куэдрэ иджыри упсэуну!

*ПщIэ къыпхуищIу КъБР-м и Парламентыр.*

# ЛIыгъэшхуэ зыхэлъ

ПщIэщхуэ зыхуэсщI Мусэ Ильяс и къуэ!

НэгГуэщIхэр пэжым тету псэуну кьыхуебджэныр - ар зы Iуэхущ, арщхьэкIэ куэдкIэ нэхъ гугъущ уэ ельм пэжыр уи гуауэ зэпыту гъащIэ гъуэгум урикIуэнырр. Апхуэдэу дунейм утетын папщIэ, лIыгГэ пхэпльын хуейщ махуэ кьэс, уи напэм уемыпщIыжу. Уэ папщэщи щIыхьрэ пщIэрэ уиIэу упэлъэщащ а къэлэным, ди республикэм и унафэр зыщIхэм лэщIыгъуэ пIанэкIэ ухахту.

Псэ кьабзэ уиIэу, пщIэ, щэнхабзэ лъагэ, хьэл екIу пхэпльу, уэ папщэщи уи нэIэм щебгъэташ кьыхэзгГуэмкI щIыхуэм я псэукIэм епха Iуэхугъуэхэр. Ди Хэкур щытыкIэ гугъум щита лъэхъэнэм уэ ухъуащ абы и щхьэщыжакIуэ, уи жэрдэмкIэ кьыхэзгъагъэпэщауэ щытащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэкъуэтынныгъэ» зэщIэхъеенныгъэр. Уи щIэныгГэ куур, гъащIэм, псэунытэм я зэхэлъыкIэм екъэлIауэ ббгъэдэлъ акъылыфIагГыр, жылагъуэ политикэ щытыкIэ кьыздэрыкьыкIуэхэм хэкIыпIэ тэрэз кьэзэрыхуэбгъуэтыфыр иджырей гъащIэми сэбэпышхуэ щохьу: уэ жьыджэру уэхтщ жылагъуэ зэгухьэныгъэ зыбжанэм, зи Iуэху епльыкIхэр, гупсысэ ихъыщхьэр дапщэщи дэпIаГъ КПРФ-м и рескомым эфIих лэжьыгГэхэм я нэхъыбапIэм урижэрдэмщIакIуэщ.

ПщIэщхуэ зиIэ къэрал кьулыкъущIэхэм уащыщIу уэ, Мусэ Ильяс и къуэ. Уэ пхуэдэхрапщ сыт хуэдэ лъхъэнэ жылагъуэр зэтезыIыгъэр, абы джэлэс хуэхъур. Си фIэщ мэхъу: унафэщIхэм ящыщ зыхъэомым сыхъэм я щхьэ Iуэхуэхэм япэ къэрал Iуэхуэхэр ирагъэщу, я напэм емыпщIыжу, цIыхухэм кьраГъэ дзыхым хуэпэжу щытамэ, ноби дыпсэуфынут совет властым и лъэхъэнэм хуэдэу, псэупIэ уиэрэр, щIэныгГэ зэгГэгъуэтыным, узыншагъэр хьуменым епха Iуэхутхьбзэхэр щIэнщэу кьыдату, щIэблэм хэкупсэ гъэныгГэ екIу хэльу кьэгъэтэджкыным мыхьэнэшхуэ щиIэу щыщта эзманым ещхьу.

Уэ уи зэфIэкIкIэр, Мусэ Ильяс и къуэ, Хэкум кьылыштащ дамыгъэ лъапIэхэмкIэ, щIэ лъагэхэмкIэ. Зи Iуэху епльыкIэхэм, напэм емыпщIыж уэ уратхъэмащэ унагъуэ дахэм, Мусэ Ильяс и къуэ. Уэ пхуэдэхрапщ сыт хуэдэ лъхъэнэ жылагъуэр зэтезыIыгъэр, абы джэлэс хуэхъур. Си фIэщ мэхъу: унафэщIхэм ящыщ зыхъэомым сыхъэм я щхьэ Iуэхуэхэм япэ къэрал Iуэхуэхэр ирагъэщу, я напэм емыпщIыжу, цIыхухэм кьраГъэ дзыхым хуэпэжу щытамэ, ноби дыпсэуфынут совет властым и лъэхъэнэм хуэдэу, псэупIэ уиэрэр, щIэныгГэ зэгГэгъуэтыным, узыншагъэр хьуменым епха Iуэхутхьбзэхэр щIэнщэу кьыдату, щIэблэм хэкупсэ гъэныгГэ екIу хэльу кьэгъэтэджкыным мыхьэнэшхуэ щиIэу щыщта эзманым ещхьу.

Уэ уи зэфIэкIкIэр, Мусэ Ильяс и къуэ, Хэкум кьылыштащ дамыгъэ лъапIэхэмкIэ, щIэ лъагэх

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Зэхуэсхэр

Кlурашын Льостэнбэч и кьуэ Iэдэм и щIэблэр.

# Кlурашын лъэпкъым и къежьапIэмрэ щIэблэмрэ

**Кlурашынхэ я лъэпкъым и пэнэ зэхуэхьэр щекlуэкlащ Сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакlуэу Зейкьуэ къуажэм дэт «Хьэтlохъущыкьуэем» Iуэхущапlэм. Абы кьрихьэлIат Адыгэ, Кьэрэшей-Шэрджэс республикэхэм кьыкlахэр, Москва, Санкт-Петербург щыпсэухэр.**

ФИГУ къэдгъэкlыжьащи, Кlурашын Каринэ игъэхьэзыра «Курашиновы. В поисках истоков» тхылъым и лъэтеувэр Кьэбэрдей-Балькъэрым и Кьэрал киноконцерт гъэлъэгуапIэм мы гъэм щекlуэкlащ. Архив дэфтэрхэр кьиргъэсэбэпурэ, Каринэ и лъэпкъым и кьудамэхэр зэфIигъэувэжьыным теухуауэ иритэжьуэ кьэхуэтэнагъэ лэжьыгъэхэр куэдым гуапэ ящыхьащ. НэгъуэщI республикэхэм щыпсэу Кlурашынхэмэ а зэлуцIэм зыкьрагъэхьэлIат. Аращ лъэпкъым и зэхьэхэ ирагъэжьэжьыну нэхьыжьхэм ямышIыхьапкьэри, щыз зэхуэсыну махуэр щаубзыхуэри. Шыщхьэлъм и 18-р зэхуапIальэу зэбгрыкlыжьаэхэт.

Кlурашынхэ я нэхьыжьи нэхьыщIи лъэпкъыр нэхъ гъунэгъуу зэрызэрыщIыхуным хуэпабгъэу а махуэм IущIащ. Адыгэ, лъэпкъ ныпхэр кьащхьэщыту, республикэм щыпсэу Кlурашынхэр пщэдджыжьым зэкьуэгъуэу техьащ Адыгеймрэ Кьэрэшей-Шэрджэсымрэ кьикI я унэкьуэущхэм гъунапкъэм деж щаIуцIэну. Хабзэм тету, шыгъуПIастэжь пежьжьу, пщIэ хуащIуи ахэр кьрагъэблагъащ. Республикэм щыпсэу Кlурашынхэм я лъабжьэр кьыщежьа Хьэтlохьущыкьуей кьуажэм хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ кьыщыблэгъэжьым, ахэр ирашэжьащи адыгэ фащэр екlуу зыщыгъуу шы дахэхэм тес щIалитIым, икlи жьылэм и кьыхьагъкlэ ирикlуащ.

«Хьэтlохьущыкьуей» Iуэхущапlэм щыиэсым, щыиагъэмыпIэуэжьыгъуэжьм кьикIауэ зэрымыщIыкуу куэд зэрахэтыр кьальытэу зэIущIэм хуагъэхьэзыра, лъэпкъым щыщ дэтхэнэми и щIэ-унэщIэ зытет бгъэхэпхуэр зейхэм лъагъэсжащ.

Кlурашынхэ ящыщ щыхуу 400-м щигъу зэхьыхьэм кьрихьэлIат. Ар езыгъэкlуэкlа Кlурашынхэ Каринэрэ Муратрэ я кьыхагъэщащ Кьэрэшей-Шэрджэсым ис Кlурашынхэм я унэцIэр урысыбзэкlэ Курачинову зэратхьм емыльытагъуэ, зэлъэпкъэгъуу, зэуэнэкъуэшу зэрыщыгъэр. Кьэрэшей-Шэрджэсым кьикlа щыхуи 100-м щигъуэр зэрыабдзэхэр кьалъытэри, зэIущIэр урысыбзэкlэ иратгъэкlуэкlыну зэгурыIуащ.

Лъэпкъым и нэхьыжь Хьэжысмел и кьуэ Мышэ зэхьыхьэр кьыщыдзэIуихьым жиIащ Кlурашынхэ нэхъ лъэпкъыжь дыдэхэм зэращыщыр, хабзэкlэ, лжьыгъэкlэ, псэукlэ зэманым зэрыдекlур, нэхьыжьхэм я Iуэхущафэхэр кьащIэхьуэ щIэблэм я гъуэзу кьыз зэрыгъэгъэгурыкlуэр. Я лъэпкъ жьыгыр кьэзыгъуэтыжу абы и кьудамэхэр зэфIэзыгъэувэжа, абы теухуа тхыльэ зыгъэхьэзыра Кlурашын Каринэ дунейм и Iэфыпмрэ и фыгъуэмрэ зыхищIэну гуапэу екъуэхьуащ.

Дунейм екьыжа и нэхьыжьхэр кьыз зэхуэсахэм ягу кьагъэкlыжу зы дакьыкъэкlэ яхуэщыгъуа нэужь, лъэпкым и ерыскъым и фащэ Кlурашын Хьэсен дыуэ яригъэщIащ.

КьыкIэлъыкIуэу псалъэ щIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием хэт псори кьрихьэлIэу гъэ кьэс иратгъэкlуэкI ильэс зэIущIэр. Абы щIадаа-м щыхагъэхьащ мы кьыкIэтыкIуэхэр:

***1. щIадаа-м физикэ щIэныгъэхэмкIэ и кьудамэм:***

***щIадаа-м и действительнэ члену***

**Дадашев Райком Хьэсимхъан и кьуэр** - физико-математикэ щIэныгъэхэм я докторыр, профессорыр, Шэшэн Республикэм щIэныгъэхэмкIэ и академием и вице-президентыр, щIадаа-м и член-корреспондентыр *(Грозн къалэ)*

***2. щIадаа-м энергетикэмкIэ, машинэ щIыныкIэ, механикэмкIэ, Iэнатlэхэр зехьэныкIэ и кьудамэм:***

***щIадаа-м и действительнэ члену***

**Хьэжкэт Iиуан Мухьэк и кьуэр** - техникэ щIэныгъэхэм я докторыр, профессорыр, «Кlуэкlуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Кьэбэрдей-Балъкъэр кьэрал мэкъумэщ академие-профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэтуэт федеральнэ кьэрал еджапIэм теоретикэ, прикладной механикэмкIэ и кафедрэм и унафэщIыр, щIадаа-м и член-корреспондентыр *(Налшык къалэ)*

***щIадаа-м и член-корреспондент***

**Батькъэр Руслан Астьэнбий и кьуэр** - техникэ щIэныгъэхэм я докторыр, профессорыр, «Кlуэкlуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Кьэбэрдей-Балъкъэр кьэрал мэкъумэщ академие- профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэтуэт федеральнэ кьэрал еджапIэм агропромышленнэ комплексым ыкIи щагъэссабэп машинэхэр зехьэныкIэ зэгъэзэпэщIыкIыныкIэ и кафедрэм и унафэщIыр (Налшык къалэ)

***3. щIадаа-м медико-биологие щIэныгъэхэмкIэ и кьудамэм:***

***щIадаа-м и член-корреспондент***

**Зэхьыкъэ Борис Хьусен и кьуэр** - медицинэ щIэныгъэхэм я докторыр, «Iэгъуэпыкъу» реабилитацIэ центрым нэм щеIэзэ и кьудамэм и унафэщIыр *(Налшык къалэ)*

**Шыхужь Замир Абдулыхь и кьуэр** - медицинэ щIэныгъэхэм я докторыр, кьалэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэр *(Черкесск къалэ)*

**4. щIадаа-м щIым теухуа щIэныгъэхэмкIэ и кьудамэм:**

**щIадаа-м и действительнэ члену**

**Жиленкэ Сергей Виктор и кьуэр** - мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидатыр, Кубань кьэрал аграрнэ университетым агрохимиемкIэ и кафедрэм и профессорыр, Динской районым и администрацIэм и Iэтащхьэр *(Краснодар къалэ)*

**Имгрунт Иван Иван и кьуэр** - биологие щIэныгъэхэм я кандидатыр, Белореченскэ районым и администрацIэм и Iэтащхьэр *(Краснодар къалэ)*

**щIадаа-м и член-корреспондент**

**Шэнтыжь Алий Исуф и кьуэр** - биологие щIэныгъэхэм я докторыр, Кубань кьэрал аграрнэ университетым и профессорыр *(Краснодар къалэ)*

**5.щIадаа-м жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ и кьудамэм : щIадаа-м и член-корреспондент**

